

AMBIGUITAS BASA JAWI WONTEN ING SEKAWAN NOVEL

ANGGITANIPUN TULUS SETIYADI CITHAKAN WULAN

MARET–NOVEMBER 2019

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pendadaran

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening

Novi Anggita Putri

NIM 16205241021

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Ambiguitas Basa Jawi wonten ing
Sekawan Novel Anggitanipun Tulus Setiyadi Cithakan Wulan Maret–November
2019 menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah saking
pembimbing supados dipunajengaken ing pendadaran.*



Yogyakarta, 12 Juni 2020

Pembimbing,

Sri Hertanti Wulan, S.Pd., M.Hum.

NIP. 19840720 201012 2 005

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Ambiguitas Basa Jawi wonten ing Sekawan Novel Anggitanipun Tulus Setiyadi Cithakan Wulan Maret–November 2019” menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajengipun Dewan Penguji ing tanggal 12 Juni 2019 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Sri Hertanti Wulan, S.Pd.,M.Hum.	Ketua Penguji		24 Juli 2020
Dr. Purwadi, S.S.,M.Hum.	Sekretaris Penguji		23 Juli 2020
Avi Meilawati, S.Pd.,M.A.	Penguji Utama		20 Juli 2020

Yogyakarta, 27 Juli 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta



Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
627008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang tanda tangan wonten ing ngandhap menika, kula :

Nama : **Novi Anggita Putri**

NIM : 16205241021

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Miturut pamanggih kula. *Karya ilmiah* menika boten ngewrat materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, prakawis menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 12 Juni 2020

Panyerat,



Novi Anggita Putri

SESANTI

Basa Iku Busananing Bangsa

(basa nedahaken budi pakertinipun panganggenipun basa)

PISUNGSUNG

Linambaran kanthi pamuji sukur dhateng ngarsaning Allah SWT, *skripsi* menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kekalih kula Bapak Ngatijan saha Ibu Suni Ngati Ati, ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, saha sih katresnan.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken *skripsi* kanthi irah-irahan “*Ambiguitas Basa Jawi wonten ing Sekawan Novel Anggitanipun Tulus Setiyadi Cithakan Wulan Maret–November 2019*” menika saged kaimpun kanthi niring sambekala. *Skripsi* menika kaserat minangka jejangkeping *pendadaran nggayuh gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Sri Hertanti Wulan, S.Pd., M.Hum., minangka dosen pembimbing *skripsi* ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha *bimbingan* kanthi sareh saha tulus sadangunipun kula nyerat *skripsi*, satemah *skripsi* menika saged paripurna kanthi sae. Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya *pihak* ing ngandhap menika:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah menika,
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam *skripsi* menika,
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M.Phil., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring palilah kangge nglampahi panaliten,
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum., Minangka dosen *penasehat akademik* ingkang sampun paring pitedah sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
5. Bapak saha Ibu dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat,
6. Bapak Taufiq Hasan, A.Md., minangka *admin* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya pambiyantu,
7. Sadaya *staf karyawan* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu,

8. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016 saha sadaya pihak ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung saha pandonganipun dhateng panyerat satemah *skripsi* menika saged paripurna kanthi sae.
9. Sadaya *pihak* ingkang boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring pambiyantu dhateng panyerat satemah *skripsi* menika saged kasil.

Skripsi menika tamtu kemawon taksih dereng kawastanan sae, jangkep menapa malih sampurna. Pramila sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sadayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat kamipurun ndamel *karya ilmiah* menika sinaosa dereng sampurna. Ananging, panyerat saestu angajeng-ajeng mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi.

Yogyakarta, 12 Juni 2020

Panyerat,



Novi Anggita Putri

NIM 16205241021

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	ii
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN <i>TABEL</i>	xii
PRATELAN <i>LAMPIRAN</i>	xiii
PRATELAN CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I	1
PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Undheraning Prakawis	4
C. Watesaning Prakawis	4
D. Wosing Prakawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan Tembung Irah-irahan	6
BAB II	8
GEGARAN TEORI	8
A. Deskripsi Teori	8
1. Tata Basa Jawi	8
2. <i>Semantik</i>	10
3. Makna	12
4. Jinis-jinisipun Makna	13
5. Ewahipun Makna	19

6. Relasi Makna.....	24
7. Jinising Ambiguitas	28
8. Jinising <i>Ambiguitas</i> Basa Jawi	32
9. <i>Faktor</i> ingkang Mangaribawani Panganggening <i>Ambiguitas</i>	36
B. Panaliten ingkang Jumbuh.....	41
C. Nalaring Pikir	42
BAB III	43
CARANING PANALITEN	43
A. Jinising Panaliten.....	43
B. <i>Obyek saha Subyek Data</i>	43
C. <i>Data saha Sumber Data</i>	44
D. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	44
E. Pirantosing Panaliten	46
F. Cararipun <i>Analisis Data</i>	47
G. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	47
BAB IV	49
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	49
A. Asiling Panaliten	49
B. Pirembagan.....	69
1. <i>Ambiguitas Fonologis</i>	69
a. <i>Ambiguitas Fonologis Fonemis</i>	70
2. <i>Ambiguitas Gramatikal</i>	76
a. <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi</i>	76
b. <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi</i>	84
c. <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk</i>	88
d. <i>Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa</i>	92
e. <i>Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa</i>	97
3. <i>Ambiguitas Leksikal</i>	98
a. <i>Ambiguitas Leksikal Homonimi</i>	99
BAB V.....	107
PANUTUP	107
A. Dudutan.....	107

B. <i>Implikasi</i>	108
C. Pamrayogi	109
KAPUSTAKAN.....	110
<i>LAMPIRAN</i>	112

PRATELAN TABEL

<i>Tabel 1: Ambiguitas Fonologis Fonemis</i>	32
<i>Tabel 2: Ambiguitas Fonologis Intonasi</i>	32
<i>Tabel 3: Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi</i>	34
<i>Tabel 4: Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi</i>	34
<i>Tabel 5: Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk</i>	35
<i>Tabel 6: Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa</i>	35
<i>Tabel 7: Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa</i>	36
<i>Tabel 8: Ambiguitas Leksikal Homonimi</i>	36
<i>Tabel 9: Wujud Kertu Data</i>	46
<i>Tabel 10: Jinis, Makna, Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas wonten ing Novel Anggitanipun Tulus Setiyadi</i>	50

PRATELAN LAMPIRAN

<i>Lampiran 1. Analisis Data Jinis, Makna, Faktor ingkang mangaribawani Panganggening Ambiguitas.....</i>	<i>112</i>
---	------------

PRATELAN CEKAKAN

AFF	: <i>Ambiguitas Fonologis Fonemis</i>
AFI	: <i>Ambiguitas Fonologis Intonasi</i>
AGMA	: <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi</i>
AGMM	: <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk</i>
AGMR	: <i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi</i>
AGSF	: <i>Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa</i>
AGSK	: <i>Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa</i>
ALH	: <i>Ambiguitas Leksikal Homonimi</i>
ISAQBN	: Intan Sepurane Aku Ora Bisa Nresnani
KU	: Kamalaulya
TBU	: Thathit Bebuntut Udan
TKKKIB	: Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang

**PANALITEN AMBIGUITAS BASA JAWI WONTEN ING
SEKAWAN NOVEL ANGGITANIPUN TULUS SETIYADI
CITHAKAN WULAN MARET–NOVEMBER 2019**

NOVI ANGGITA PUTRI

NIM 16205241021

SARINING PANALITEN

Panaliten *Ambiguitas* basa Jawi wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi cithakan wulan Maret–November 2019 menika kangge ngandharaken: (1) Jinis *ambiguitas* basa Jawi, (2) Makna *ambiguitas* basa Jawi, saha (3) *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* basa Jawi wonten ing *novel* anggitanipun Tulus Setiyadi.

Panaliten menika dipuntindakaken adhedhasar panaliten *deskriptif*. *Data* wonten panaliten menika awujud *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha ukara ingkang ngewrat *ambiguitas*. Sumber *data* ingkang dipunginakaken inggih menika *novel* anggitanipun Tulus Setiyadi kanthi irah-irahan *Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang, Kamalaulya, Intan Sepurane Aku ora Bisa Nresnani* saha *Thathit Bebuntut Udan* cithakan wulan Maret–November 2019. Caranipun ngempalaken *data* ing panaliten menika kanthi teknik *simak-catat*. *Data* dipunanalisis kanthi *metode deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantis* saha *validitas triangulasi teori*, lajeng *reabilitas data* dipunginakaken *reabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten bab wujud *satuan lingual* ingkang ngewrat *ambiguitas* wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi: (1) Jinising *ambiguitas* kapanggihaken wonten tiga inggih menika *ambiguitas fonologis*, *ambiguitas gramatikal* saha *ambiguitas leksikal*. (2) *Makna ambiguitas* kapanggihaken wonten sekawan inggih menika makna *leksikal*, makna *gramatikal*, makna *idiom* saha makna *paribasan*. (3) *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* kaperang dados sekawan inggih menika *faktor fonologis* tembung, *faktor gramatikal* tembung, *faktor gramatikal frasa*, *faktor gramatikal klausa* saha *faktor leksikal* tembung.

Pamijining tembung: *Novel, Analisis Semantik, Ambiguitas*

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggihipun satunggaling tiyang dhateng tiyang sanes. Panganggenipun basa kangge ngandharaken gagasan utawi *informasi* saged awujud basa sinerat ananging wonten ugi basa lisan utawi *ujaran langsung*. Basa sinerat menika padatanipun dumunung ing karya sastra tuladhanipun novel. Basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan utawi *informasi* ing basa sinerat menika kedah nggatosaken reroncening tata basa. Satemah wosing cariyos menika dipunpahami kanthi sae tumrap pamaos.

Panganggenipun basa kangge ngandharaken gagasan utawi *informasi* tumrap pamaos menika taksih asring ngginakaken tetembungan ingkang '*multi tafsir*' utawi '*ambigu*'. Ing salebeting basa sinerat andharanipun basa menika kathah ngewrat *ekspresi* ingkang boten langsung satemah boten saged dipunmaknai kanthi langsung. *Ambiguitas* ing salebeting basa sinerat menika padatanipun dipunginakaken kagem memayu ayuning sastra supados reroncening ukara ing karya sastra menika endah nalika dipunwaos. Saking andharan menika basa sinerat nalika dipunbandhingaken kaliyan basa lisan menika beda. Wondene ing basa lisan, andharan menika dipundayani dening basa ingkang tetembunganipun winates, utawi basanipun boten saged dipunmaknai kanthi sae amargi ungelipun boten cetha, pramila saged mujudaken tuturan *ambigu*.

Tetembungan *ambigu* ing salebeting basa sinerat menika nuwuhaken mangronipun makna. Andharan menika saged dipuntingali saking *fonem* saha *morfem* ingkang panyeratipun sami ananging mujudaken pangucap saha makna

ingkang beda, saha tembung kaliyan *frasa* ingkang pangucap saha panyeratipun sami ananging maknaipun beda. Wonten ugi, *klausa* utawi ukara *ambigu* ingkang saged nuwuhaken pamanggih ingkang radi mbingungaken tumrap pamaos. Maneka warnining *tafsiran ujaran langsung* ingkang awujud basa sinerat menika ingkang dipunwastani *ambiguitas*. Tuladha panganggening *ambiguitas* ing salebeting novel anggitanipun Tulus Setiyadi saged dipuntingali ing pethikan ngandhap menika.

“....Menawa mung nuruti rasa banjur apa mbesoke arep bakal **mangan ati**” (TBU/kaca.16)

Pethikan pacelathon wonten ing inggil ngewrat *frasa ambigu*/mangro makna ingkang suraosipun langkung saking satunggal, inggih menika *frasa* “mangan ati”. Suraosipun inggih menika (1) “mangan ati” ingkang tegesipun inggih menika ‘*nedhani tedhanan arupi manah*’ (2) “mangan ati” ingkang tegesipun inggih menika ‘*ngawrati katresnan ing salebetipun manah*’. Pramila pethikan pacelathon ing nginggil menika saged dipunwastani ukara ingkang ngewrat *frasa ambigu* amargi saged dipunsuraosi kanthi maneka warni.

Ukara ing inggil ngewrat *frasa ambigu* amargi “mangan ati” menika minangka *frasa* asil saking *kombinasi* kalih tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknaipun tembung asalipun utawi *frasa* ingkang sami ananging saged dipunsuraosi kanthi beda. Ukara menika ngewrat *frasa* ingkang kalebet ing jinising makna *idiom* amargi, *frasa* “mangan ati” menika suraosipun boten saged dipunramalaken saking makna unsur-unsuripun tembung asalipun. *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *faktor gramatikal frasa* amargi *frasa* “mangan ati”

menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging *kombinasi*-ipun nuwuhaken mangronipun makna.

Panaliten menika ngginakaken sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi adhedhasar tema ingkang taksih wonten gegayutanipun. Tema sekawan novel menika nyariosaken bab katresnanipun paraga utawi tokoh ing novel ingkang nemahi pambenganing katresnan. Pramila saged dipunwastani bilih novel menika temanipun bab katresnan. Panaliten menika naliti *ambiguitas* ing salebeting novel anggitanipun Tulus Setiyadi amargi novel menika kalebet ing cithakan enggal ingkang dereng nate dipuntaliti.

Novel anggitanipun Tulus Setiyadi anggenipun ngandharaken cariyosipun ugi dipundhapuk kanthi tetembungan *ambigu*. Wondene ancasipun inggih menika nggesangaken *teks*. Pamaos kedah mangretosi, bilih ing satunggaling karya sastra menawi *makna* dipunandharaken kanthi cetha saha menapa wontenipun, ndayani pamaos menika boten gadhah *intrepretasi*-ipun piyambak. Pramila anggenipun pangripta ngginakaken *ambiguitas* ing salebeting novel menika kedah dipungayutaken kaliyan kawontenanipun cariyos, kados pundi *kreatifitas*-ipun pangripta ngroncen tembung, *frasa*, *klausula* saha ukara supados narik kawigatosanipun pamaos saha ndayani pamaos negesi waosanipun miturut pamanggihipun piyambak-piyambak.

Panaliten menika ngrembag *ambiguitas* ing salebetipun novel. Pramila saking andharan menika, ateges ingkang dipuntaliti utaminipun namung basa sinerat ingkang ngewrat *ambiguitas*, ananging kangge nambahi ilmu bab *ambiguitas* ing basa lisan, pramila dipunandharaken ugi tuladha panganggening *ambiguitas* basa lisan ingkang sinerat ing salebetipun novel anggitanipun Tulus

Setiyadi. Ancasipun inggih menika supados para pamaos saged bedakaken panganggening *ambiguitas* basa sinerat menapa dene *ambiguitas* basa lisan ingkang sajatosipun dipunandharaken ing kawontenan kadosta pacelathon kanthi *langsung* antawisipun panutur kaliyan mitra tutur. Pramila ing panaliten menika dipunandharaken kalih perangan *ambiguitas* inggih menika bab *ambiguitas* basa lisan saha *ambiguitas* basa sinerat ing salebetipun novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

B. Undheraning Prakawis

Saking dhasaring panaliten ing inggil saged dipunpendhet undheraning prakawis inggih menika :

1. Jinis-jinisipun *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
2. Makna *ambiguitas* wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar saking undheraning prakawis ing inggil saha supados panaliten menika saged *fokus*, satemah kedah dipunwatesi prakawisipun. Panaliten menika dipunwatesi ing prakawis ing ngandhap menika :

1. Jinis-jinisipun *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

2. Makna *ambiguitas* wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ingkang wonten ing wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

D. Wosing Prakawis

Jumbuh kaliyan watesaning prakawis ing inggil menika, panaliten kaandharaken mekaten :

1. Menapa kemawon jinis-jinisipun *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
2. Menapa kemawon maknanipun *ambiguitas* wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. Menapa kemawon *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

E. Ancasing Prakawis

Miturut undheraning prakawis, ancas saking panaliten inggih menika :

1. ngandharaken jinis-jinisipun *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
2. ngandharaken maknanipun wujud *satuan lingual* wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. ngandharaken *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

F. Paedahing Prakawis

Paedahipun dipunwonteni panaliten menika antawisipun inggih menika :

1. Kanthi panaliten menika dipunanjab saged maringi wawasan dhateng pamaos babagan *ilmu semantik* saha saged paring sumbangan *teori* kangge ningkataken wawasan anggenipun naliti babagan mangronipun makna dipunsebabaken *ambiguitas*
2. Panaliten menika dipunajab saged maringi *informasi* babagan mangronipun makna mliginipun *ambiguitas* ingkang wonten ing salebeting wujud *satuan lingual* basa wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. Panaliten menika dipunanjab saged paring tambahan kangge kajian bab basa arupi wujud *satuan lingual ambigu* utawi mangronipun makna

G. Pangertosan Tembung Irah-irahan

Istilah ingkang badhe dipunginakaken wonten ing panaliten menika ing antawisipun inggih menika :

1. *Ambiguitas*

Ambiguitas inggih menika wujud *satuan lingual* basa ingkang mangro makna adhedhasar bausastra tembung '*mangro*' inggih menika cawang kalih/ngener kalih panggenan utawi ngrangkep. Satemah ing panaliten menika ingkang dipuntliti namung babagan jinisipun, makna, saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* wonten ing salebetipun sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

2. Novel

Novel inggih menika ciri khas saking satunggaling paraga/tokoh ingkang nggambaraken langkung saking satunggal *impresi*, *efek* saha *emosi* (Tarigan, 1991: 164-165). Novel menika karya sastra ingkang ngandharaken bab prakawis ingkang langkung kathah, bebas saha wiyar, gayut kaliyan cariyos pagesanganipun paraga-paraganipun wonten ing rerangkening kadadosan ingkang *kompleks* saha saged ngewahi nasib paraga kasebut.

3. *Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang, Kamalaulya, Intan Sepurane Aku Ora Bisa Nresnani*, saha *Thathit Bebuntut Udan*

Novel-novel ing inggil menika pangriptanipun inggih menika Tulus Setiyadi. Novel menika nyariosaken prakawis-prakawis ingkang dipunlampahi dening paraganipun. Sekawan novel menika temanipun sami inggih menika nyariosaken bab katresnan ing salebeting pagesanganipun manungsa.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

1. Tata Basa Jawi

Miturut Tata Basa Baku Basa-Jawi (1991: 7-8), pangretosan tata basa menika sami kaliyan “gramatika” utawi istilahipun ing basa Jawi inggih menika Paramasastra. Pangretosan bab tata basa menika ngalami pangrembakaning *struktur*, inggih menika *struktur sintaksis*, *struktur morfologis*, saha *struktur fonologis* (*fonetik* saha *fonemik*). *Fonetik* ing *ambiguitas* menika dipunrembag ing *fonetik auditoris* inggih menika *sistem*-ipun tetembungan nalika dipuntampi dening indriya pamireng. Wondene *fonemik* menika ngandharaken *fonem-fonem* utawi swanten-swanten basa ingkang *fungsi*-nipun kangge bedakaken makna saha nggabungaken *satuan-satuan gramatik* satunggaling basa. *Struktur sintaksis* ngandharaken *satuan lingual* ukara tunggal ‘*klausa*’ saha, ukara camboran ‘*majemuk*’, saha *frasa* utawi gabunganing tembung. *Struktur morfologis* ngandharaken *satuan lingual* tembung andhahan ingkang unsuripun langkung saking satunggal wanda (*morfem*), antawisipun inggih menika tembung andhahan (*afiksasi*), tembung rangkep (*reduplikasi*), tembung camboran (*majemuk*). *Struktur fonologis* ngandharaken satuan tembung, mliginipun *monomorfemis* ingkang dumados saking saperangan aksara (*fonem*), gayut kaliyan aksara (*fonem*) menapa ingkang dipunginakaken kangge mujudaken tembung tartamtu.

Pangretosan tata basa ing salebeting tata basa baku basa Jawi menika ngrembag bab *sintaksis*, *morfologi*, saha *fonologi*. Panaliten bab *sintaksis* saha

morfologi menika gayut kaliyan *ambiguitas* basa sinerat, wondene *fonologi* menika gayut kaliyan *ambiguitas* basa lisan ingkang sinerat ing novel. Pramila kanthi mekaten, tata basa menika ngadharaken *unsur lingual* ingkang ngewrat makna. *Morfem* (wanda) minangka unsur tembung andhahan, wondene *fonem* (aksara) menika minangka unsuripun tembung ingkang boten ngewrat makna, sinaosa saged mujudaken bedanipun makna.

Satuan lingual ingkang ndayani wontenipun *ambiguitas*. *Satuan lingual* inggih menika *istilah* kangge ngandharaken *unit kebahasaan*. *Satuan lingual* ing saben tataran basa saha saben *satuan lingual* menika dipunandharaken miturut cabang *linguistik* ingkang wonten. Miturutipun Wedhawati (2001: 8) *satuan lingual* menika kangge nyebataken tembung saha *satuan sintaksis* sanesipun, kanthi lelimbangan inggih menika *istilah* ingkang asipat umum menawi dipunbandhingaken kaliyan *satuan gramatikal*. Pramila *satuan lingual* basa jawi ingkang saged mujudaken wontenipun *ambiguitas* inggih menika : *satuan lingual* paling ageng saking *kajian morfologi* inggih menika tembung, wondene *satuan* ingkang paling alit inggih menika wanda (*afiks*) saha peranganipun tembung inggih menika *morfem dasar* saha *morfem afiks*. *Satuan lingual* ingkang langkung ageng saking tembung inggih menika *frasa*, *klausa*, saha *ukara* minangka *obyek kajian sintaksis*. Wondene *satuan lingual* ingkang langkung alit kadosta tembung lingga, *afiks*, *morfem dasar* saha *morfem afiks* tuladhanipun *fonem* menika minangka *obyek kajian fonologi*.

Ing panaliten menika ugi dipunandharaken tuladha panganggening *ambiguitas* basa lisan ingkang sinerat ing novel, pramila dipunandharaken *ambiguitas* ingkang gayut kaliyan widyaswara. Widyaswara dumados saking

tembung widya (Jawi Kina: ‘ngelmi’) saha swara ingkang tegesipun ‘swanten/ungel’. Pramila kanthi mekaten widyaswara inggih menika ngelmu ingkang ngrembag saha nyinau bab swanten/ungel. Ing salebeting ngelmu basa, widyaswara ugi dipunsebut *fonologi*. Pramila kanthi mekaten, widyaswara menika ngrembag bab swanten-swanten basa ingkang mbedakaken wujud saha mbedakaken makna (*destingtif*). Swanten ingkang saged ndayani satunggaling tembung dados beda wujud saha tegesipun dipunsebut *fonem*. Pramila /o/ saha /a/, /t/ saha /th/, /d/ saha /dh/ menika kalebet *fonem* ingkang beda. Wondene lira-liruning swanten ingkang boten ndayani ewahipun makna tuladhanipun swanten [i] saha [I] sarta [u] saha [ʊ] menika kalebet *alofon* amargi swanten-swanten menika boten ndayani suraosipun dados geseh (Sudibyo, 2001: 1-2).

2. *Semantik*

Semantik inggih menika ngelmi ingkang nyinau bab makna. Miturut Chaer (2013: 2) bilih tembung *semantik* (Inggris: *semantics*) mula bukanipun saking basa Yunani sema ingkang tegesipun ‘tandha’ utawi ‘lambang’. Pramila lajeng mujudaken tembung kriya semaino ingkang tegesipun “nyaosi tandha” utawi “nyaosi lambang”. Ingkang dipuntegesi kanthi tandha utawi lambang ingkang sami utawi memper kaliyan *sema* inggih menika tandha *linguistik* (Perancis: *signe linguistique*). Saking andharan ing inggil menika saged dipunmangertosi bilih *semantik* menika mula bukanipun saking tembung *sema* inggih menika tandha utawi lambang. Kanthi mekaten *semantik* inggih menika *istilah* ingkang dipunginakaken wonten ing bidang *linguistik* ingkang ngrembag gayutanipun tandha-tandha *linguistik* kaliyan menapa ingkang dipuntandhani.

Pamanggih sanes saking Muljana (1964: 1) ngandharaken bilih *semantik* inggih menika perangan *linguistik* ingkang naliti makna satunggaling tembung, mula bukanipun, pangrembakanipun, saha sabab-sabab dumadosing ewahipun makna. Pramila *semantik* ngewrat bab maknanipun tetembungan, saha mula bukanipun teges tembung menika. Wondene ngrembakanipun teges tembung, saha ewah gingsiripun menika saged kababar mawi ngelmi basa inggih menika *semantik*.

Pamanggih saking Aminuddin (2008: 15) ngandharaken bilih *semantik* ingkang asalipun saking basa Yunani tegesipun *to signify* utawi nyaosi *makna*. Minangka *istilah teknis*, *semantik* menika tegesipun sinau bab makna. *Semantik* minangka perangan saking *linguistik* amargi dhasaripun makna inggih menika perangan saking basa. *Komponen* swanten, tata basa saha makna menika dipunbedakaken mawi tataranipun. Menawi komponen swanten limrahipun wonten ing tataran kaping pisan, tata basa wonten ing tataran kaping kalih, pramila komponen makna nglenggahi tataran ingkang pungkasan.

Istilah semantik sampun dipunginakaken dening *Breal* ing pungkasaning abad-19. Miturut *Breal* lumantar Ullmann (2014: 7) *semantik* inggih menika bidang ngelmi ingkang enggal saha sipatipun *murni historis*, ateges nambah makna ingkang gegayutan kaliyan ingkang paring pangaribawa. Ngelmi ingkang ngrembag babagan ewahipun makna, kados pundi mastani tetembungan enggal saha dumadosipun *idiom* menika taksih dereng wonten namanipun, pramila ngelmi ingkang sami wigatinipun kaliyan ngelmi *fonetik* saha *morfologi* menika dipunwastani *semantik*. Kanthi mekaten *semantik* inggih menika bidang ngelmi

ingkang taksih enggal ingkang nambah makna adhedhasar gegayutan kaliyan ingkang paring pangaribawa.

Studi bab makna menika kawastanan *semantik*. Tembung *semantik* ing salebetipun bidang *linguistik* menika ngrembag gegayutan antawisipun tandha-tandha *linguistik* kaliyan bab-bab ingkang dipunsukani tandha. Ateges, *semantik* inggih menika salah satunggaling ngelmi *linguistik* ingkang nyinau makna utawi teges wonten ing basa. Pramila adhedhasar pamanggih para ahli ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *semantik* inggih menika salah satunggaling cabang *linguistik* ingkang ngrembag bab makna utawi tegesing tembung.

3. Makna

Makna minangka bidang kajian saking ngelmi *semantik* ingkang nliti babagan teges. Oden saha Richard (lumantar Aminuddin, 2008: 53) ngandharaken makna inggih menika gayutipun basa kaliyan pagesangan ingkang sampun dipunsarujuki sesarengan dening priyantun ingkang ngginakaken basa satemah saged sami mangertos menapa ingkang dipunandharaken. Pangretosan makna menika ngewrat tigang prakawis gayut kaliyan makna ingkang dipunandharaken dening para ahli inggih menika ngandharaken tembung kanthi *alamiah*, ngandharaken maknanipun ukara kanthi leres saha ngandharaken *proses komunikasi*. Pramila, andharan bab makna menika saged dipuntingali saking tigang prakawis inggih menika tembung, ukara, saha menapa ingkang dipunbetahaken panutur kangge *komunikasi*.

Miturut Suwandi (2001: 49) ngandharaken menawi badhe mangertosi menapa ingkang dipunsebat *makna* kedah mangretos teori ingkang dipunandharaken dening Ferdinand De Saussure. Miturut De Saussure,

ngandharaken bab tandha *linguistik* (*signe linguistique*), saben tandha *linguistik* ngewrat 2 unsur inggih menika (1) ingkang dipuntegesi (*signifie*”, *signified*) saha (2) ingkang negesi (*signifiant*, *signifier*). Tandha *linguistik* inggih menika *lambang* basa (tembung). Tegesipun (*signifie*”, *signified*) inggih menika *konsep* utawi *makna* saking satunggaling tandha *bunyi*, lajeng ingkang negesi (*signifiant*, *signifier*) inggih menika swanten-swanten ingkang kadhapuk saking *fonem-fonem* basa ingkang sami gegayutan.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *makna* inggih menika gayutan antawisipun basa kaliyan perangan saking njawi basa ingkang dipunsarujuki dening para pangangge basa satemah basa kala wau saged dipunginakaken kangge wawanpangandikan.

4. Jinis-jinisipun Makna

Chaer (2013: 60-76) ngandharaken bilih jinisipun makna ing antawisipun inggih menika wonten makna *leksikal*, saha *gramatikal*; makna *referensial* saha *non-referensial*; makna *denotatif* saha *konotatif*; makna *konseptual* saha *asosiatif*; makna tembung saha makna *istilah*, saha makna *idiom* saha paribasan. Jinis-jinising *makna* badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

a. Makna *Leksikal*, saha *Gramatikal*

Makna *leksikal* inggih menika makna satunggaling tembung nalika tembung kalawau taksih madeg piyambak utawi nalika taksih bebas. Makna *leksikal* saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus. Tuladhanipun saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika :

Mung paitan **rupa** wae kaya bisa gawe pulute katresnan. (ISAOBN/kaca.134)

Tembung '*rupa*' wonten ing Bausastra v 1.1 tegesipun '*pasuryan*', tembung menika ugi gadhah teges sanesipun inggih menika '*warna*'.

Makna *gramatikal* inggih menika makna ingkang wonten ing satunggaling ukara utawi makna ingkang dados *fungsi* satunggaling tembung wonten ukara. Wonten ing makna *gramatikal* menika ingkang dipunsinau bab makna adhedhasar gegayutan salebeting ukara saha dumados ing salebeting *konteks* utawi sampun boten madeg piyambak. Tuladhanipun tembung andhahan *ambigu* '*ngendhang*' dumados saking tembung lingga '*endhang*' ingkang gadhah makna *leksikal* inggih menika '*niliki, mriksa*' saged ugi '*kendhang*' utawi '*ketipung ageng*' (Bausastra v 1.1). Ananging tembung menika saged ewah menawi dipundamel ukara kadosta pethikan ing ngandhap menika :

“Maturnuwun wis gelem **ngendhang**,” (Intan/kaca.25)

Saking ukara menika tembung '*ngendhang*' makna *gramatikal*-ipun inggih menika '*niliki, mriksani*', tembung '*ngendhang*' ugi wonten teges sanesipun inggih menika '*dipungameli sarana kendhang*'. Satunggaling tembung saged gadhah makna *leksikal* uga saged gadhah makna *gramatikal*. Menawi makna *leksikal*, suraosipun tembung saged dipunpadosi ing kamus, wondene makna *gramatikal* suraosipun kedah dipungayutaken kaliyan ukaranipun. *Ambiguitas* menika kalebet makna *leksikal* saha *gramatikal* amargi anggenipun ngginakaken tembung *frasa, klausa* utawi ukara dipunjumbuhaken kaliyan maksudipun makna.

b. Makna *Referensial* saha *non-referensial*.

Miturut Chaer (2013: 63) Satunggaling tembung saged ngewrat makna *referensial* menawi wonten *referens* utawi *rujukan*-ipun. Makna *referensial* inggih menika *makna* ingkang langsung nedahaken marang tembung ingkang dipunkajengaken. Tuladhanipun tembung-tembung kados ‘*sapi*’, ‘*ijo*’, saha ‘*gambar*’ kalebet tembung-tembung ingkang ngewrat makna *referensial* amargi wonten *rujukan*-ipun ing kasunyatan. Makna *referensial* menika padatanipun maknaipun menika sampun mujudaken pasarujukan ing bebrayan utawi maknaipun sampun dipunsarujuki sesarengan. Salah satunggaling tuladha saking makna *referensial* inggih menika tembung ‘*mripat*’ utawi ‘*mata*’, menawi wonten tiyang ingkang ngendika tembung ‘*mripat*’ sedaya lajeng mangertos bilih *lambang* kasebut inggih menika peranganing badan ingkang ginanipun kangge mirsani, dumunung ing sirah, saha wuwuhanipun kalih, satemah boten damel *asosiasi* sanesipun tumrap tiyang ingkang mireng tembung ‘*mripat*’ menika. Kosok wangsulipun, tembung-tembung kadosta ‘*lan*’, ‘*utawi*’, saha ‘*amargi*’ kalebet tembung-tembung ingkang boten ngewrat makna *referensial* amargi tembung-tembung kasebut boten gadhah *referens* utawi *rujukan*. Tembung-tembung menika dipunsebut makna *non-referensial*.

c. Makna *Denotatif* saha Makna *Konotatif*

Miturut Chaer (2013: 65) dhasar kangge nemtokaken makna kanthi dipuntingali saking wonten saha botenipun nilai raos ing satunggaling tembung saged dipunbedakaken saking makna *denotatif* saha makna *konotatif*. Makna *denotatif* inggih menika makna ingkang asli, makna asalipun, utawi makna ingkang sajatosipun ingkang kawrat ing satunggaling tembung. Makna *denotatif*

inggih menika makna dhasar satunggaling tembung utawi satuan basa ingkang bebas saking nilai raos. Wondene makna *konotatif* inggih menika makna sanesipun ingkang dipuntambahaken ing makna *denotatif* kala wau ingkang gayut kaliyan raosing tiyang ingkang ngginakaken tembung kasebut. Makna *konotatif* saged dipunsebat ugi makna ingkang boten sejatosipun.

Tuladhanipun, tembung ‘*babaran*’ kaliyan ‘*manak*’ ingkang gadhah makna *denotatif* ingkang sami inggih menika ‘*nglairaken putra saking guwa garba*’. Ananging, kalih tembung kasebut gadhah makna *konotatif* ingkang beda. Tembung *babaran* ngewrat makna *konotatif* ingkang alus, wondene tembung ‘*manak*’ ngewrat makna *konotatif* kasar menawi dipunginakaken dhateng tiyang amargi tembung ‘*manak*’ kasebut padatanipun dipunginakaken dhateng kewan.

d. Makna Tembung saha Makna *Istilah*

Miturut Chaer (2013: 70) makna tembung inggih menika makna ingkang wonten ing satunggaling ukara. Ananging, ing panganggenipun makna tembung nembe katingal cetha menawi sampun wonten ing *konteks* ukara utawi *konteks* kawontenanipun. Menawi uwal saking *konteks* ukara makna tembung taksih asipat umum, kasar saha boten cetha. Tuladhanipun tembung “*tahanan*” menika tegesipun taksih umum.

Makna *istilah* inggih menika makna ingkang sampun tetep saha sampun cetha, boten *ambigu* sinaosa tanpa *konteks* ukara. Makna *istilah* menika asring dipunginakaken ing perangan tartamtu kadosta bidang kagiyatan utawi *keilmuan*. Tuladhanipun tembung ‘*tahanan*’. Minangka tembung, *makna* saking tembung *tahanan* menika taksih asipat umum, nanging minangka *istilah* mliginipun wonten ing *bidang hukum* menika tegesipun sampun cetha inggih menika ‘*tiyang ingkang*

dipunkunjara gegayutan kaliyan prakawis ukum'. Satemah saged dipuntingali bedanipun pangertosan antawisipun *makna* tembung saha *makna istilah* saking andharan wonten ing inggil.

e. *Makna Konseptual* saha *Makna Asosiatif*

Miturut Chaer (2013: 72) makna *konseptual* inggih menika makna ingkang kawrat ing satunggaling tembung ingkang boten gadhah *konteks*. Makna *konseptual* sajatosipun sami kaliyan makna *leksikal*, makna *denotatif*, saha makna *referensial*. Tuladhanipun tembung '*pantun*' ngewrat makna *konseptual* ingkang tegesipun '*taneman ingkang dipuntanem ing sabin*'; saha tembung '*pacul*' ngewrat makna *konseptual* ingkang tegesipun '*sarana kangge nanem taneman kadosta pantun ing sabin*'.

Makna *Asosiatif* inggih menika makna ingkang kawrat ing satunggaling tembung ngengingi gayutipun tembung kasebut kaliyan satunggaling prakawis ing njawi basa. Makna *asosiatif* sajatosipun sami kaliyan lambang utawi tandha ingkang dipunginakaken dening masarakat basa kangge nedahaken konsep sanes ingkang memper sipatipun kaliyan konsep asal tembung kasebut. Tuladhanipun tembung '*srikandhi*' gadhah *asosiasi* '*wanita utama*' utawi maknanipun '*wanita unggul*'; tembung '*abrit*' gadhah *asosiasi* wantun utawi *lambang keberanian*.

f. *Makna Idiomatikal* saha *Makna Paribasan*

Miturut Chaer (2013: 74) pangretosan makna *idiomatikal* menika gayut kaliyan tembung *idiom*. Pramila menawi badhe ngrembag bab makna *idiomatikal* kedah mangretosi tegesipun tembung *idiom*. *Idiom* inggih menika *satuan lingual* (tembung, *frasa* utawi ukara) ingkang maknanipun boten saged dipunramalaken

saking makna unsur-unsuripun kanthi *leksikal* saha *gramatikal*. Tuladhanipun saking penthikan ing ngandhap menika :

Erwan mung dikonkon mbiyantu kancane Gayuh anggone **njupuk gambar**. (ISAON /kaca.87)

Pethikan menika ngewrat *frasa* ingkang boten saged dipunmaknai kanthi *gramatikal* ananging maknanipun sampun ewah dados makna *idiomatikal*. Makna *idiom* menika sampun boten wonten gayutanipun kaliyan makna *leksikal* saha makna *gramatikal* unsur-unsuripun. Pramila *frasa* “njupuk gambar” inggih menika satunggaling *leksem* ingkang maknanipun ‘*motret*’. Pramila kanthi mekaten, makna *idiomatikal* inggih menika makna satunggaling *satuan lingual* (tembung, *frasa* saha ukara) ingkang uwal saking makna *leksikal* saha makna *gramatikal* unsur-unsuripun.

Pangretosan makna paribasan inggih beda kaliyan makna *idiom* ingkang maknanipun boten saged dipunramalaken saking makna unsur-unsuripun kanthi *leksikal* saha *gramatikal*, wondene paribasan ngewrat makna ingkang taksih dipunpadosi saking makna unsur-unsuripun amargi wontenipun *asosiasi* antawisipun makna asli kaliyan maknanipun minangka paribasan. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika :

“Apa kowe arep **nunggu tumibane udan ing mangsa ketiga?**” (TKKKIB/kaca.17)

Paribasan ‘*nunggu tumibane udan ing mangsa ketiga*’ ingkang maknanipun ‘*prekawis ingkang mokal saged awujud saha nengga tumibanipun jawah ing mangsa katiga*’. Makna saking paribasan menika gadhah *asosiasi* bilih prekawis ingkang dipuntengga-tengga menika mokal saged awujud. *Ambiguitas*

ingkang dipunprangguli ing panaliten menika kalebet makna *idiom* saha paribasan.

5. Ewahipun Makna

Pateda (2010: 160) ngandharaken bilih ewahipun basa menika ndayani wontenipun ewahipun makna. Basa menika asipat *dinamis* sami kaliyan sipatipun manungsa ingkang *dinamis*. Pramila ewahipun makna wonten ing tetembungan menika dipundayani dening pangrembakaning kabetahanipun manungsa minangka tiyang ingkang ngginakaken basa. Miturut pamanggihipun Ullmann (2014: 247-250) bab-bab ingkang ndayani ewahing makna badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

1. Pangrembakaning Basa

Miturut pamanggihipun Meillet lumantar Ullmann (2014: 247) pangrembakaning basa menika dumados ing saben *generasi*. Saben *generasi* kedah sinau basa minangka prakawis ingkang enggal. Satunggaling generasi menika saged luput anggenipun negesi maknanipun tetembunganipun generasi saderengipun. Andharan menika saged dipunleresaken kanthi mapinten cara, ananging menawi kawontenan menika kapeksa boten dipunleresaken, saged mujudaken ewahipun makna ing *generasi* salajengipun. Pramila kanthi mekaten, pangrembakaning basa ndayani ewahipun makna ing salebeting tembung-tembung tartamtu. Tuladhanipun ing basa Jawi inggih menika tembung '*sarjana*'. Rumihipun, tembung '*sarjana*' menika ateges '*tiyang ingkang kathah ngelmunipun*'. Ananging ing jaman samenika tembung '*sarjana*' tegesipun dipungayutaken kaliyan '*tiyang ingkang sampun wisuda saking perguruan tinggi*'

2. Maknanipun Tembung ingkang Boten Cetha.

Miturut pamanggihipun Ullmann (2014: 248), satunggaling tembung menika saged gadhah makna ingkang boten cetha, menika dipundayani dening sipat *generik* tembungipun, kathahipun aspek ing salebeting tembung, kirangipun *keakraban*, saha boten wonten watesanipun makna ingkang cetha. Pramila kanthi mekaten mujudaken bedanipun maknanipun tembung kaliyan tembung *fonetis*-ipun, *struktur morfologi*-nipun utawi anggenipun ngginakaken *sintaksis*-ipun andharan menika langkung rekaos dipuntemtokaken, pramila boten gampil ewah. Tuladhanipun tembung ‘*alot*’. Tembung ‘*alot*’ tegesipun inggih menika : wuled utawi alot ‘*nedha tedhanan arupi daging ingkang alot*’. Wonten ing dialog Jakarta, tembung ‘*alot*’ gadhah teges inggih menika atos utawi kenyal, tuladhanipun tumrap daging. Ing basa Indonesiya, tembung ‘*alot*’ gadhah teges inggih menika *liat* utawi boten gampil pedhot. Pramila maknanipun tembung ‘*alot*’ menika boten cetha. Ing jaman samenika, tembung ‘*alot*’ mujudaken makna inggih menika alon, angel utawi boten gampil. Tuladhanipun ing ukara ‘*pangrembagipun arta warisipun alot sanget*’.

3. Icalipun *motivasi* ‘*loos of motivation*’

Salaminipun satunggal tembung menika gayut kaliyan tembung aslinipun utawi gayut kaliyan tembung sanesipun saking jinis ingkang sami, pramila kanthi mekaten, tembung-tembung menika tetep ngewrat maknanipun piyambak kanthi watesan-watesan tartamtu. Andharan menika saged ewah menawi gegayutan antawisipun tembung menika dipundayani dening icalipun salah satunggal jinis *motivasi*. Miturut pamanggihipun Ullmann (2014: 98), 3 jinis *motivasi* badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

a. *Deskriptif*

Nama “*name*” satunggaling tembung gayut kaliyan makna “*sense*” menawi andharan menika leres, pramila saben swanten basa ingkang sami menika tansah nyaosi makna ing satunggaling tembung saha tembung ingkang sami kedah dipunmangretosi saking swanten basa ingkang sami. Saking andharan menika kasunyatanipun, ing basa Jawi wonten tembung ‘*antep*’ inggih menika ‘*tekad*’ utawi ‘*kekajengan*’ saha ‘*anteb*’ inggih menika ‘*bobot*’ utawi ‘*awrat*’, ‘*kulub*’ ‘*kuluban*’ utawi ‘*gudhangan*’ saha ‘*kulup*’ inggih menika ‘*yoga*’ utawi ‘*putra*’, ‘*parab*’ ‘*nama*’ utawi ‘*aran*’ saha ‘*parap*’ inggih menika ‘*teken*’. Wondene tembung parap menika *sinonim* kaliyan tapak asma, kekalih tembung menika gadhah gegayutan makna ingkang rumaket ananging swantenipun beda. Pramila kanthi mekaten, pangretosan makna menika ngrembaka saha beda saking makna aslinipun.

b. *Historis*

Nama saha makna menika tansah gayut, menawi andharan menika dipunanggep leres, pramila kekalih unsur menika kedahipun boten ewah, ananging kasunyatanipun, kekalihipun tansah ewah, pramila kanthi mekaten nama saha makna menika tansah ewah ananging ewahipun menika boten sami gegayutan. Tuladhanipun tembung ‘*rencang*’ rumiyinipun tembung menika kangge nyebat tiyang minangka andhahanipun tiyang sanes, ananging ing jaman samenika tembung ‘*rencang*’ tegesipun sami kaliyan ‘*kanca*’.

c. *Komparatif*

Ing antawisipun basa-basa ing dunya, wonten maneka warnining tembung ingkang maknanipun sami kaliyan satunggal tembung basa sanesipun.

Tuladhanipun basa Jawi kadosta ing basa indonesiya inggih menika daging, Inggris inggih menika “*meat*”, Prancis inggih menika “*viande*”, Italia “*carne*”, saha Hungaria “*hus*”. Wondene swanten basa ingkang sami utawi mirip kaliyan tembung “*meat*” ing basa Inggris inggih menika ing saben basa ngandharaken makna ingkang beda-beda, ing basa Jerman “*meat*” inggih menika ‘*menyewa*’ Prancis “*mite*” inggih menika ‘*bakteri*’ utawi ‘*kuman*’ saha “*mythe*” ‘*mite*’.

4. Wontenipun tetembungan ingkang mangro makna (*polysemy*)

Satunggaling makna menika tansah ngalami ewah-ewahan. Andharan menika ngewrat maksud inggih menika satunggaling tembung saged pikantuk satunggal utawi saperangan makna ingkang enggal, ananging boten kicalan maknanipun ingkang asli. Saperangan prakawis menika asipat *aksidental* utawi boten dipunyana saha namung prasaat kemawon. Pramila kanthi mekaten perangan menika dipunangge dening satunggal tiyang saha kadhangkala namung dumunung ing satunggaling *konteks*. Makna enggal menika ugi wonten ingkang uwal saking satunggal tuturan mlebet ing basa saha ngrembaka dados ewahipun makna ingkang sajatosipun lajeng mujudaken makna *polisemi*, ewahipun panggunaan ‘*aplikasi*’, lingkungan sosial ingkang mligi, ungkapan kiasan lsp. Tuladhanipun ing tembung ‘*abad*’ ingkang maknanipun inggih menika ‘*langgeng*’, ‘*lestari*’ saha saged ugi dipunmaknai ‘*jaman ingkang laminipun 100 taun*’.

5. Konteks ingkang ambigu. ‘*in ambiguous contexts*’

Saperangan ageng ewahipun makna menika dipundayani dening wontenipun *konteks* ingkang ambigu “*in ambiguous contexts*”. Wondene satunggal tembung tartamtu dipunangge wonten ing kalih makna, ananging makna

ujaranipun boten beda. Tuladhanipun tembung ing salebeting ukara ‘*Bleduge gajah mlayu mrana mrene*’. Menika mujudaken ukara pakon inggih menika menapa ingkang mlayu mrana-mrene? Amargi ‘*bledug*’ menika gadhah suraos ingkang langkung saking satunggal. Tembung ‘*bledug*’ saged dipunsuraosi inggih menika ‘*lebu ingkang tumut kabekta angin*’ saha ‘*anakipun kewan ingkang nama gajah*’. Wondene konteks-ipun ukara menika mujudaken konteks ingkang ambigu, amargi mujudaken konteks ingkang langkung saking satunggal.

6. Struktur kosa kata

Struktur kosa kata menika minangka faktor wigati ingkang ndayani ewahipun makna. Sistem fonologi saha gramatika-nipun basa kadhapuk saking peranganipun unsur ingkang winates saha asipat ketat “*closely organized*”. Ananging tetembungan menika tansah ngrembaka sami kaliyan pangrembakaning pamanggihipun panutur basa. Kanthi wontenipun pangrembakaning kosa kata menika, mujudaken tembung enggal ananging wonten saperangan tembung ingkang ewah tegesipun. Pramila kanthi mekaten kosakata minangka struktur ingkang boten stabil inggih menika saben tembung menika saged pikantuk utawi kicalan makna. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

“gedhibal kaya **dhapurmu**,” (TBU/kaca.102)

Ukara ing nginggil ngewrat tembung ‘*dhapurmu*’ ing jaman rumiyin maknanipun inggih menika ‘*sesipataning wewangunan minangka titikanipun asmanipun, saha asalipun*’ ananging ing jaman samenika tembung dhapur sampun ngalami ewah-ewahan utawi ngrembaka mujudaken makna enggal, amargi pikantuk pengaruh saking basa indonesiya inggih menika ‘*dapur*’ pramila

tembung ‘*dhapur*’ samenika kangge nyebat basa kramanipun ‘*pawon*’ inggih menika ‘*dhapur*’.

6. *Relasi Makna*

Miturut pamanggihipun Chaer (2013: 83) gegayutan antawisipun makna utawi *relasi semantik* antawisipun *satuan basa* menika asring dipunpanggihi ing saben–saben basa kalebet ugi ing basa Jawi. *Relasi* makna menika ngrembag bab saminipun makna (*sinonim*), kosok wangsulipun makna (*antonim*), mangro makna (*polisemi* saha *ambiguitas*), *hiponimi*, saha *homonim*. Jinis-jinisipun *relasi makna* menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

1. *Sinonim* (Dasanama)

Miturut pamanggihipun Chaer (2013: 83) *Sinonim* ingkang mula bukanipun saking basa Yunani Kuno onoma ngewrat teges nama saha syn tegesipun ‘*kaliyan*’. Pramila kanthi mekaten makna *harfiah*-ipun inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang wujud saha panyeratipun beda, ananging gadhah makna ingkang sami. Makna ingkang sami menika kadadosan ing tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara, sinaosa umumipun ingkang dipunanggep *sinonim* menika namung tetembungan. Tuladhanipun ing basa Jawi inggih menika ‘*jeneng*’ saha ‘*aran*’, ‘*cepet*’ saha ‘*rikat*’, ‘*langka*’ saha ‘*arang*’, ‘*angslup*’ saha ‘*ambles*’. Miturut pamanggihipun Sudibyo, (2001, 187) *Sinonim* ing basa Jawi menika jinisipun kathah kados tembung ngoko, madya, krama saha krama inggil. tembung ‘*turu-tilem-sare*’; saha ‘*mangan-nedha-dhahar*’ menika kalebet ing tembung ingkang tegesipun sami utawi tembung ingkang *bersinonim*.

2. Antonim

Chaer (2013: 83) ngandharaken bilih *antonim* mula bukanipun saking basa Yunani Kuno onoma ingkang tegesipun ‘*nama*’ saha anti inggih menika ‘*kosok wangsul*’. Pramila kanthi mekaten makna *harfiah*-ipun inggih menika nama ingkang tegesipun kosok wangsulipun nama sanesipun. Wondene makna *semantik*-ipun inggih menika tembung, *frasa*, saha ukara ingkang tegesipun kosok wangsulipun kaliyan tembung, *frasa* saha ukara sanesipun. Tuladhanipun inggih menika: ‘*gedhe cilik*’, ‘*amba ciyut*’, saha ‘*endhek dhuwur*’.

3. Homonimi

Miturut pamanggihipun Chaer (2013: 94) tembung *homonimi* mula bukanipun saking basa Yunani Kuno onoma ingkang tegesipun nama saha hono inggih menika sami. Makna *harfiah*-ipun inggih menika nama ingkang sami pangucap saha panyeratipun, ananging beda suraosipun. Wondene makna *semantik*-ipun inggih menika tembung, *frasa*, saha ukara ingkang sami ananging maknaipun beda. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika ‘*wetengku suduken!*’. Tembung ‘*suduken*’ ing salebeting ukara menika kalebet jinising tembung *homonim*. Tembung ‘*suduken*’ inggih menika ‘*raosipun padaran kados dipunsuduk-suduk*’, saha ‘*suduken*’ inggih menika ‘*suka dhawuh dhateng satunggal tiyang supados nyuduk padaranipun*’. *Homonim* dipunperang dados 2 inggih menika *homofon* (gayut kaliyan *fon*/swara) saha *homograf* (gayut kaliyan *graf*/seratan).

3.1 Homofon

Chaer (2013: 97) ngandharaken bilih *homofon* menika mirip kaliyan *homonim* amargi *realisasi* unsur basanipun menika arupi swanten. Pramila kanthi

mekaten *homofon* inggih menika kalih tembung ingkang panyerat saha suraosipun beda ananging ungelipun tembung sami. Tuladhanipun ‘*anteb*’ saha ‘*antep*’. Tembung ‘*anteb*’ ngewrat teges ‘*bobot*’ utawi ‘*abot*’, wondene ‘*antep*’ ing ngewrat teges ‘*karep*’ utawi ‘*tekad*’.

3.2 Homograf

Chaer (2013: 97) ngandharaken bilih *homograf* inggih menika nama ingkang panyeratipun sami ananging ungelipun beda. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika : 1) teken→[tê kê n] ‘lantaran/tongkat’, [tèkê n] ‘paraf/tapak asma’ 2) cemeng→[cê mê ŋ] ‘*ireng*’ saha [cê mèn] ‘*anak kucing*’, 3) kendel→[kê ndê l] ‘*wani*’ saha [kèndê l] ‘*mandheg*’.

4. Hiponimi saha hipernimi

Miturut pamanggihipun Pateda (2010: 209) *hiponimi* dipunpendhet saking basa Yunani Kuno onoma ingkang tegesipun nama saha hypo inggih menika ing andhap, wondene tembung *hipernimi* (Inggris : *hypernymy*). Chaer (2013: 100) ngandharaken bilih nama menika dipunperang dados kelas inggil saha kelas andhap, pramila *hiponimi* inggih menika nama ingkang kalebet ing ngandhapipun nama sanesipun. *Hiponimi* menika kalebet tembung ingkang tegesipun dipunanggep dados peranganipun tembung sanes, utawi suraosipun tembung menika wonten ing panguwaosing tembung sanes (*hipernimi*). Tembung ‘*abang*’, ‘*putih*’, ‘*biru*’, ‘*kuning*’, ‘*ijo*’ saha ‘*jingga*’ menika kalebet tembung ingkang suraosipun wonten ing panguwaosing tembung *werna*; tembung ‘*sapi*’, ‘*wedhus*’, ‘*jaran*’, ‘*kebo*’, ‘*macan*’, ‘*asu*’ saha ‘*kucing*’ ugi kalebet tembung ingkang wonten ing panguwaosing tembung *kewan*.

5. Polisemi

Chaer (2013: 100) ngandharaken bilih *polisemi* menika asring dipuntegesi minangka *satuan lingual* basa tembung saha *frasa* ingkang ngewrat teges langkung saking satunggal. Tuladhanipun inggih menika tembung ‘*babaran*’ saged dipuntegesi ‘*bayekan*’ utawi ‘*nglairake*’ saged ugi ‘*wedharan*’ utawi ‘*weton*’ (keluaran) kalih tembung menika maknanipun taksih wonten gayutipun inggih menika nglairaken satunggaling prakawis.

6. Ambiguitas

Ullman (lumantar Soemarsono, 2014: 196) ngandharaken bilih mangronipun makna utawi *keambiguan* inggih menika kawontenan ingkang saged dumados wonten maneka warni cara. Wondene miturutipun ngelmu *linguistik*, mangro makna kaperang dados 3 inggih menika *fonetik*, *gramatikal* saha *leksikal*. Pramila kanthi mekaten anggenipun nemtokaken satuan basa ingkang mangro makna menika saged dipun-*analisis* mawi *faktor fonetik*, *gramatikal* saha *leksikal*-ipun. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Pateda, (2010: 201) ngandharaken bilih *ambiguitas* menika tuwuh wonten maneka warnining *variasi ujaran* utawi basa sinerat. Andharan menika dipundayani wontenipun raos bingung negesi guneman utawi maos satunggaling basa sinerat. Pramila raos mangu-mangu saha bingung negesi makna saha maneka warnining *tafsiran* makna menika dipunwastani *ambiguitas*.

Miturut Chaer (2013: 104) *ambiguitas* utawi *ketaksaan* inggih menika tembung mangro makna utawi nggadhahi makna langkung saking satunggal. Miturut pamanggihipun Chaer, *ambiguitas* saha *polisemi* menika sami-sami mangro makna, wondene bedanipun inggih menika *polisemi* dipundayani dening

tembungipun, wondene ing *ambiguitas* menika dumunung ing *satuan gramatikal* ingkang langkung ageng inggih menika *frasa* saha ukara. Andharan menika amargi *struktur gramatikal* ingkang beda. Pramila kanthi mekaten saged dipunbedakaken *satuan lingual* ingkang kalebet *polisemi* menapa dene *ambiguitas*.

7. Jinising *Ambiguitas*

Kados ingkang sampun dipunandharaken kalawau bilih pangertosan *ambiguitas* inggih menika kawontenaning *variasi ujaran* saha basa sinerat ingkang mangro makna. Miturutipun Empson lumantar Ullmann (1972: 156) jinising *ambiguitas* dipunperang dados 7 lajeng dening Ullmann (1972 :156-159) lumantar (Pateda, 2010 :202-206) jinising *ambiguitas* menika dipunperang malih dados 3 inggih menika (1) *ambiguitas fonetik*; (2) *ambiguitas gramatikal*; saha (3) *ambiguitas leksikal*. Pramila jinising *ambiguitas* badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

a. *Ambiguitas Fonetik*

Miturut pamanggihipun Pateda (2010: 203), *ambiguitas* ing tingkat *fonetik* dipundayani ungelipun swanten-swanten basa ingkang dipunandharaken. Suraosipun makna satunggaling *satuan lingual* basa ing salebeting pirembagan menika saged klentu amargi andharanipun boten cetha. Pramila saged mujudaken ukara pakon antawisipun panutur saha pamireng. Andharan menika saged mujudaken *keraguan makna*. Kangge ngirangi wontenipun *ambiguitas fonetik* menika, pamireng kedah nyuwun pirsu dhateng panutur maksud andharan ingkang sampun kaandharaken, supados boten wonten beda pamanggih. *Ambiguitas* ing basa lisan menika saged dipundayani wontenipun *struktur fonetik* ukara.

Tuladhanipun ing basa Indonesia inggih menika: */membeli kantin/*. Andharan menika ngerwrat kalih *ujaran* inggih menika : saged kapireng */membelikan Tin/* utawi */membeli kantin?/*. Wondene miturutipun Ullmann lumantar Soemarsono (2014: 196), tuladhanipun ing basa Inggris inggih menika: */a near/* ingkang tegesipun ‘*ginjal*’ saged ewah suraosipun bilih kapireng */an ear/* ingkang tegesipun ‘satunggal talingan’.

b. *Ambiguitas Gramatikal*

Ambiguitas tingkat *gramatikal* menika padatanipun dumunung ing *satuan lingual* ingkang dipunwastani ukara (Pateda, 2010:203). *Ambiguitas* dumados ing wujud *satuan lingual ambigu* dipuntingali saking *konstruksi*-nipun tembung-tembung ingkang beda. Pramila sinaosa tembung ing salebetipun ukara menika boten *ambigu*, saged nuwuhaken makna *kombinasi*-nipun tembung menika *ambigu*. Miturut pamanggihipun Pateda, *ambiguitas gramatikal* saged dipunandharaken mawi 3 perangan inggih menika :

- 1) *Ambiguitas* dipundayani dening prakawis dumadosipun tembung kanthi *gramatikal*. Tuladhanipun ing basa Jawi inggih menika wontenipun ater-ater (*prefiks*), seselan (*sufiks*), panambang (*infiks*) saha wuwuhan sesarengan (*konfiks*) ingkang *ambigu* utawi mangro makna. Miturut Ullman lumantar Soemarsono, (2014: 197), tuladhanipun ing basa Indonesia inggih menika *prefiks* ter- ‘*paling*’ (*terkubur,terbunuh*) saha ter- ‘*di-*’ (*terkubur, terbunuh*). Andharan menika mlebet ing *kombinasi* ingkang beda. Tuladha menika ndayani raos bingung saha ewahipun makna.
- 2) *Ambiguitas* dipundayani *frasa* ingkang pangucap saha panyeratipun sami ananging suraosipun beda. Saben *frasa* menika padatanipun *struktur*-ipun

sampun cetha ananging *kombinasi*-nipun saged dipunsuraosi langkung saking satunggal. Miturut (Pateda, 2010:204) ing basa Indonesia wonten *frasa* ‘*orang-tua*’. Andharan menika saged nuwuhaken pitakenan inggih menika menapa ingkang dipunmaksud kaliyan *frasa* ‘*orang-tua*’ menika? Menapa ‘*orang-tua*’ ingkang pangretosanipun ‘*ayah/ibu*’ utawi ingkang dipunmaksud inggih menika ‘*orang yang lebih tua*’. Pramila kangge ngirangi *ambiguitas* menika saged dipunwuwuhi *unsur* sanesipun inggih menika *unsur suprasegmental*. Tuladhanipun *frasa* ‘*orang-tua*’ menawi dipungantos tembungipun dados ‘*orang yang sudah tua*’ tegesipun cetha inggih menika ‘*orang yang sudah berusia lanjut*’.

- 3) *Ambiguitas* ing salebeting *konteks* (tataraning ukara). Saben tembung menika nggadhahi makna piyambak-piyambak, pramila ing salebeting *konteks* ukara, tembung-tembung menika gadhah teges ingkang beda-beda. Ukara *ambigu* saged dipundayani dening ukara ingkang *konsep*-ipun langkung saking satunggal. Anggenipun milah-milahaken satunggaling ukara menika kalebet ukara *ambigu*, kedah nggatosaken ukara menika piyambak. Wonten saperangan ukara ingkang sampun cetha dunungipun *ambiguitas*, ananging wonten ingkang boten cetha menawi tembung, *frasa* saha ukara menika kelebet ukara *ambigu*. Miturut (Pateda, 2010:204) ing basa Indonesia wonten ukara minor “*pergi!*” ingkang nuwuhaken pitakenan inggih menika menapa ingkang dipunmaksud dening andharan menika?. Pitakenanipun arupi ‘*pergi kemana?*’, ‘*mengapa pergi?*’ utawi ‘*untuk apa pergi?*’. Kangge ngirangi *ambiguitas* ing salebeting *konteks* menika, kedah man gertos kanthi saestu bab konteksipun tiyang pirembagan.

c. *Ambiguitas Leksikal*

Ambiguitas leksikal dipundayani dening satunggaling naminipun tembung ingkang ngewrat kalih makna utawi maneka warnining makna. Miturut Wijana, 2004: 141 lumantar (Agusrawati, 2016), bedanipun makna menika wonten ingkang gayut saha boten gayut. Gegayutan antawisipun makna menika dipunwastani *polisemi* wondene makna ingkang boten sami gegayutan menika dipunwastani *homonimi*. Tuladhanipun ing basa Indonesia tembung ‘*bang*’ saged ngewrat makna ‘*abang*’ (mas) saha ‘*bank*’ utawi bank. Andharan menika asring sinebut *polivansi* ingkang saged dipunandharaken kanthi 2 cara :

1) *Polisemi*

Miturut pamanggihipun Ullman lumantar Soemarsono (2014:201), satunggal tembung menika saged ngewrat makna ingkang maneka warni. Tuladhanipun tembung ‘*kepala*’ saged ngewrat makna inggih menika ‘*bagian tubuh bagian paling atas*’ utawi ‘*pemimpin*’. Padatanipun, namung salah satunggal saking makna menika ingkang cocog kaliyan *konteks* tartamtu, ananging andharan menika saged damel bingungipun satunggal tiyang. Menawi dumunung ing ukara kadosta ‘*lihatlah kepalamu, rambutnya sudah putih*’. Andharan menika nuwuhaken pitakenan inggih menika ingkang dipunmaksud menika ‘*kepalanya sendiri*’ utawi ‘*kepala kantoripun*’.

2) *Homonimi*

Miturut pamanggihipun Ullman lumantar Soemarsono (2014:201), *homonimi* inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang ngewrat ungel/pangucap ingkang sami. Tuladhanipun ing basa Indonesia inggih menika tembung ‘*kali*’ ingkang tegesipun *sungai* saha ‘*kali*’ ingkang tegesipun

‘*kelipatan*’. Ananging tembung-tembung ingkang ungel/pangucapipun sami ingkang panyeratipun beda menika ugi dipunanggep *homonimi* kadosta: ‘*bang*’, ‘*bank*’ saha ‘*sangsi*’ ‘*sanksi*’.

8. Jinising *Ambiguitas* Basa Jawi

Miturut panaliten bab *ambiguitas* ingkang dipuntindakaken dening Devi Ariskasari kanthi irah-irahan “*Tugas Semantik Bahasa Jawa Ambiguitas dalam Novel Jawa yang Berjudul Nalika Langite Obah Karya Esmiet (Sasmito)*” Jurusan Sastra Daerah, Fakultas Sastra dan Seni Rupa, Universitas Sebelas Maret Surakarta ngandharaken bilih *ambiguitas* basa Jawi menika dipunperang dados:

1) *Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)*

Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF) dipundayani wontenipun andharan arupi ungeling swanten unsur basa dening panutur ingkang *fonem*-ipun sami ananging *fonemis*-ipun beda, satemah saged mujudaken mangronipun makna. *Ambiguitas* menika ugi asring dipunprangguli wonten ing *tindak* basa sinerat, mliginipun menawi tandha basa ing ejaan menika boten jangkep. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

Tembung	AFF 1	AFF 2
Mentas	[mê ntas] /ê /	[mèntas] /è/
Serep	[sê rê p] /ê /	[serê p] /e/
Asma	[asmâ] /â/	[asma] /a/

Tabel 1. *Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)*

2) *Ambiguitas Fonologis Intonasi (AFI)*

Ambiguitas Fonologis Intonasi (AFI) dipundayani wontenipun andharan arupi ungeling swanten unsur basa dening panutur ingkang padatanipun kesesa anggenipun ngandharaken, satemah ungelipun boten cetha saha saged mujudaken

mangronipun makna. Anggenipun ngandharaken ungelipun swanten basa menika padatanipun ngginakaken panandha arupi *jeda*, *nada* saha *tekanan* kangge bedakaken makna utawi maksud tartamtu. *Ambiguitas* menika ugi saged dipunprangguli wonten ing *tindak* basa sinerat, mliginipun menawi tandha basa ing ejaan menika boten jangkep. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

Tembung	AFI 1	AFI 2
lungguh ing	[lungUh In] 2 2 1 1 3# 'duduk di'	[lunguhIn] 2 2 2# 'duduknya'
talanging	[talan In] 2 2 1 1 3# 'wakil di'	[talanIn] 2 2 2# 'wakilnya'

Tabel 2. *Ambiguitas Fonologis Intonasi (AFI)*

Ing panaliten ingkang dipuntindakaken dening Devi Ariskasari menika ngandharaken bilih *ambiguitas fonologis* kaperang dados kalih inggih menika *ambiguitas fonologis fonemis* saha *ambiguitas fonologis intonasi* ananging ing panaliten menika *ambiguitas fonologis intonasi* boten dipunandharaken amargi menawi *ambiguitas* basa lisan ingkang sinerat menika sampun cetha inggih menika ngginakaken *jeda* arupi *spasi*, wondene *ambiguitas fonologis intonasi* menika cocogipun kangge naliti *ambiguitas* ing salebeting pacelathon kanthi *ujaran langsung* kadosta pagelaran wayang menapa dene kethoprak ingkang ngginakaken andharan arupi ungeling swanten unsur basa dening panutur. Pramila ing panaliten menika ingkang dipunandharaken *ambiguitas fonologis fonemis* ingkang panyeratipun boten migatosaken panandha arupi *jeda*, *nada* saha *tekanan* ananging *fonem*-ipun sami saha *fonemis*-ipun beda taksih wonten gayutipun kaliyan kados pundi cara maos *satuan lingual* ingkang sinerat kanthi leres.

3) *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)*

Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi inggih menika *ambiguitas* ing unsur basa ingkang dipundayani dening *proses afiksasi* utawi pangrimbaging tembung lingga dados tembung andhahan. Wuwuhanipun arupi *morfem afiks*. Pramila asil pangrimbagipun wujud *satuan lingual* menika mujudaken suraos ingkang beda-beda. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

Tembung	Tembung Lingga	Ater-ater	Makna 1	Makna 2
lungguhe	lungguh	-e	[lunguhe] 'lenggahipun'	[lunguhe] 'sabinipun'
ngetokake	Ngetokake	ng- + -ake	[ŋê tokake] /ê / 'medalaken'	[ŋetokake] /e/ 'ningalaken'

Tabel 3. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)*

4) *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)*

Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR) inggih menika *ambiguitas* ing unsur basa ingkang dipundayani dening *proses reduplikasi* ingkang saged mujudaken mangronipun makna. Padatanipun tembung menika dipunambali kaping kalih satemah mujudaken makna ingkang beda kaliyan tembung lingganipun.

Tembung	Tembung Lingga	Redupli kasi	Makna 1	Makna 2
omah-omah	omah 'griya'	du	[omah-omah] 'griya-griya'	[omah-omah] 'bale-griya'
warna-warna	warna 'warna'	du	[warna-warna] 'mawarni- warni'	[warna-warna] 'warna-warna'
rupa-rupa	rupa 'pasuryan'	du	[rupa-rupa] 'pasuryan- pasuryan'	[rupa-rupa] 'maneka warna'

Tabel 4. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)*

5) *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)*

Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM) inggih menika mangronipun makna amargi proses pemajemukan utawi kombinasi tembung ingkang mujudaken makna enggal uwal saking makna leksikal satuan lingual tembung asalipun. Makna tembung majemuk asil saking kombinasi menika boten wonten gayutanipun kaliyan makna tembung asalipun.

Tembung	Tembung Lingga	R + A	Makna 1	Makna 2	Makna 3
daging ringkih	‘daging + ringkih’ daging ‘keklumpukaning serat-serat ing badan’ ringkih ‘boten kukuh’	-	keklumpukaning serat-serat ing badan ingkang boten kukuh	tiyang ingkang sampun sepuh	

Tabel 5. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)*

6) *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa (AGSF)*

Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa (AGSF) inggih menika ambiguitas ingkang gayut antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening kombinasi tembung ingkang mujudaken makna enggal ananging taksih gayut kaliyan makna leksikal satuan lingual tembung asalipun. Maknanipun frasa asil saking kombinasi tembung menika gayut kaliyan makna tembung asalipun.

Frasa	Tembung Lingga	Makna 1	Makna 2	Makna 3
wong tuwa	‘wong + tuwa’ wong ‘tiyang utawi manungsa’ tuwa ‘sepuh’	tiyang ingkang sampun kathah yuswanipun	bapak saha ibu	dhukun utawi tiyang wasis ingkang dipunsepuh aken

Tabel 6. *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa (AGSF)*

7) *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)*

Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK) inggih menika *ambiguitas* ingkang gayut antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung inggih menika *klausa*. Padatanipun tetembungan ing salebeting *klausa* nalika dipunwaos nuwuhaken pamanggih beda-beda saben tiyang.

Klausa/Kalimat	Makna 1	Makna 2
kula boten nedhi ongkos bu!	kula menika boten nedhi arta bu	kula menika boten korupsi bu

Tabel 7. Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)

1) *Homonimi*

Homonimi inggih menika tembung ingkang nama saha pangucapipun sami, ananging tegesipun mangro makna. Tuladhanipun, tembung “duka” minangka kalih tembung ingkang maknanipun beda sinaosa pangucap saha panyeratipun sami.

Tembung	Makna 1	Makna 2
saka	saking/asalipun	cagaking blandar
pancen	mindhak/wuwuh- wuwuh	satemah bakal

Tabel 8. Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)

9. **Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening *Ambiguitas*.**

Ambiguitas minangka peranan saking ngelmu *semantik* (makna). *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* saged dipuntingali saking satunggaling tembung ingkang pangucap saha panyeratipun sami ananging suraosipun beda. *Satuan lingual* sanesipun inggih menika *frasa*, *klausa* saha *ukara*

nalika dipunwaos nuwuhaken pamanggih ingkang mbingungkaken amargi menawi dipunsukani makna saged mujudaken mangronipun makna. Wondene *faktor* sanesipun inggih menika kadospundi *imajinasi*-nipun pamaos saha kadospundi *intrepretasi*-nipun pamaos dhateng maknaipun waosan kasebut. Miturut *linguistik murni faktor* ingkang mangaribawani *ambiguitas*/mangronipun makna dipunperang dados 3 inggih menika *fonetik*, *leksikal* saha *gramatikal* (Ullman lumantar Soemarsono, 2014: 196) *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ingkang dipunprangguli ing sumber data panaliten menika arupi *faktor fonologis* tembung, *faktor gramatikal* tembung, *faktor gramatikal* frasa, *faktor gramatikal* klausa, saha *faktor leksikal* tembung ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika :

a. Faktor Fonologis Tembung

Miturut (Ullman lumantar Soemarsono, 2014: 196) andharan menika dipundayani wontenipun *satuan akustik tutur* ingkang sami gegayutan minangka wedharaning napas, ananging sanes arupi tembung mbaka tembung, pramila saged dumados saking kalih wedharan napas ingkang dipundayani dening tembung-tembung ingkang beda. Andharan arupi ungeling swanten unsur basa dening panutur ingkang *fonem*-ipun sami ananging *fonemis*-ipun beda, satemah saged mujudaken mangronipun makna. *Ambiguitas* menika ugi asring dipunprangguli wonten ing *tindak* basa sinerat, mliginipun menawi tandha basa kadosta diakritik ing ejaan menika boten jangkep. *Faktor fonologis* tembung ingkang dipunbahas ing panaliten menika arupi *ujaran langsung* ingkang sinerat ing karya sastra, satemah *data*-nipun dipunjumbuhaken kaliyan data kawontenan sadinten-dinten

ingkang dipuncariyosaken ing salebeting karya sastra. Tuladhanipun ing basa jawi inggih menika satunggaling wedharan napas kadosta :

Adin wae sing ana walike **geger** (TKKKIB/kaca.24)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “geger” *fonetis*-pun inggih menika [gê gê r] /ê/ ingkang tegesipun ‘peranganing badan antawisipun jangga kaliyan boyok’ saha [gègèr] /è/ inggih menika ‘prekawis ingkang ndayani rame’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*. Nalika pamaos boten mangertosi bedanipun makna antawisipun kekalih tembung kala wau, padatanipun kawaos kanthi klentu. Pramila ing salebeting basa sinerat menika saged nuwuhaken beda pamanggih antawisipun pangripta saha pamaos satunggaling karya sastra.

b. Faktor Gramatikal Tembung

Miturut (Ullman lumantar Soemarsono, 2014: 196) andharan menika dipundayani wontenipun pangrimbaging satunggal tembung lingga dados tembung andhahan *ambigu* amargi wontenipun wuwuhan arupi *afiksasi* inggih menika ater-ater (*prefiks*), panambang (*sufiks*), saha wuwuhan sesarengan (*konfiks*) saha tembung rangkep utawi *reduplikasi* inggih menika dwilingga utawi tembung lingga ingkang dipunrangkep. *Faktor gramatikal* tembung ingkang dipunbahas ing panaliten menika arupi tembung andhahan ingkang panyeratipun sami ananging mujudaken makna ingkang langkung saking satunggal. Tuladhanipun ing basa jawi inggih menika satunggaling wedharan napas kadosta :

Kalungguhanmu bakal diganti karo nak Iskandar (TBU/kaca.124)

Pethikan ukara ing inggil ngewrat tembung andhahan *ambigu*. Adhedhasar Widyatembung, tembung “kalungguhanmu” wuwuhanipun sesarengan rumaket

inggih menika ka- + lungguh + -an ingkang tegesipun ‘*posisinipun/pangkat*’ saha ka- + lungguh + -an’= inggih menika ‘*kawontenan nalika satunggaling tiyang saweg lenggah*’.

c. *Faktor Gramatikal Frasa*

Faktor Gramatikal Frasa menika dumados saking gabunganipun tembung ingkang asipat *nonpredikatif*. Beda kaliyan *faktor gramatikal klausa*, menawi *faktor gramatikal frasa* menika gabunganipun tembung mujudaken *frasa* ingkang maknanipun boten wonten gayutipun kaliyan tembung asalipun. Tuladha ukara mangro makna ingkang dipundayani *struktur frasa* inggih menika

“Ya Tanti kuwi bocah ndesa sing **kedawan lambe**” (ISAObn /kaca.83)

Frasa “kedawan lambe” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung kedawan + lambe, ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*remen nyatur awon utawi nyaturi awonipun tiyang sanes*’ saha ‘*nggadhahi tutuk ingkang panjang kadosta miwir/ndobleh*. Makna gabunganipun tembung menika boten wonten gayutipun kaliyan tembung asalipun (*nonpredikatif*).

d. *Faktor Gramatikal Klausa*

Faktor Gramatikal Klausa menika mujudaken *ambiguitas* ing *tafsiran*-ipun makna satunggaling ukara. *Data* panaliten menika *klausa ambigu* inggih menika *satuan gramatikal* ingkang arupi gabunganipun tembung ingkang asipat *predikatif*. Tuladhanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika

“**Sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi nggawa ati kang panas**” (TBU/kaca.31).

Ukara menika kalebet ukara *ambigu* ingkang ngewrat *klausa ambigu*. Maknanipun *klausa* “sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi nggawa ati kang panas” inggih menika ‘*sepedha motor banjur ngeblas mbekta satunggaling tedhanan arupi manah ingkang taksih panas kadosta bibar dipunmasak*’ saha ‘*tiyang ingkang nitih sepedha motor banjur ngeblas kanthi panas manahipun amargi emosi*’.

e. **Faktor Leksikal Tembung**

Faktor leksikal minangka *faktor* ingkang mangaribawani wontenipun mangro makna ingkang wigatos. Satunggal tembung menika saged ngewrat maneka warnining pangretosan. Andharan menika asring dipunsebat *polivalensi* ingkang kaperang dados kalih inggih menika *polisemi* saha *homonimi*. (Ullman lumantar Soemarsono, 2014: 200) *Polisemi* inggih menika satunggal tembung ingkang ngewrat maneka warnining pangertosan. Pangretosanipun *polisemi* saha *homonimi* menika sami, ananging wonten bedanipun inggih menika tembung ingkang ngewrat *homonimi* boten wonten pangertosan ingkang gayut antawisipun tembung-tembungipun wondene maknanipun tembung ingkang ngewrat *polisemi* menika taksih wonten gayutanipun. Tuladhanipun *leksikal* tembung *polisemi* inggih menika ngewrat kathah makna. Wondene *leksikal* tembung *homonimi* tuladhanipun inggih menika:

“...**waras** tenan satemene ya kepengin.” (Intan/kaca.18)

Tembung “waras” miturut bausastra menika maknanipun wonten kalih inggih menika “waras” ingkang tegesipun ‘*boten sesakiten*’ saha “waras” ingkang tegesipun ‘*palemahan ingkang boten dipuntanemi*’.

B. Panaliten Ingkang Gayut

Panaliten ingkang gayut kaliyan panaliten ingkang irah – irahanipun *Ambiguitas Basa Jawi wonten ing Sekawan Novel anggitanipun Tulus Setiyadi Cithakan Wulan Maret–November 2019* inggih menika *Ambiguitas dalam Bahasa Inggris (Studi Kasus dalam Novel, Iklan, Humor dalam Bahasa Inggris)*, panaliten menika dipuntindakaken dening Sri Agusrawati saha Prof. Dr. I Dewa Putu Wijana, S.U., M.A. Guru Besar Bahasa Indonesia Universitas Negeri Gajah Mada. Panaliten menika ugi gayut kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Devi Ariskasari kanthi irah-irahan “*Tugas Semantik Bahasa Jawa Ambiguitas dalam Novel Jawa yang Berjudul Nalika Langite Obah Karya Esmiet (Sasmito)*” Jurusan Sastra Daerah, Fakultas Sastra dan Seni Rupa, Universitas Sebelas Maret Surakarta.

Panaliten ingkang dipuntindakaken dening panaliti kaliyan panaliten menika sami ngrembag bab *ambiguitas*. Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Sri Agusrawati saha Prof. Dr. I Dewa Putu Wijana, S.U., M.A. menika prakawis ingkang dipuntliti menika ngginakaken obyek panaliten arupi novel, *iklan* saha *humor bahasa Inggris* menawi ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten menika ngginakaken obyek panaliten ingkang langkung sempit inggih menika arupi *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara basa Jawi ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Devi Ariskasari menika kangge acuan ngandharaken jinis-jinis *ambiguitas* basa Jawi arupi basa lisan ingkang sinerat ugi basa sinerat ing salebeting novel inggih menika novel-novel anggitanipun Tulus Setiyadi cithakan wulan Maret-November 2019.

C. Nalaring Pikir

Basa minangka piranti kangge sesambetan kaliyan tiyang sanes. Kanthi ngginakaken basa, kita saged ngandharaken satunggaling *ide* utawi pamanggih dhateng tiyang sanes. Piranti kangge ngandharaken *ide* utawi pamanggih kalawau boten namung winates ing basa lisan utawi *ujaran langsung* kemawon, ananging ugi ngginakaken basa sinerat. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing novel menika minangka basa *rekaan* saking *imajinasi*-nipun pangripta, padatanipun asipat *fiksi* utawi boten trep kaliyan kasunyatan. Pangripta anggenipun nganggit karya sastra menika tansah ngginakaken tetembungan ingkang boten menapa wontenipun. Padatanipun ngginakaken tetembungan ingkang ngewrat makna ingkang kedah dipuntafsiraken kanthi *kreatif* supados boten damel bosenipun para pamaos. Mangronipun makna ing salebeting tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara ing salebeting karya sastra menika asring dipundayani wontenipun *ambiguitas*.

Ambiguitas menika asring kapanggihaken ing satunggaling prastawa *ujaran langsung* ing padintenan saha basa sinerat tuladhanipun karya sastra arupi novel. Wonten ing novel, *ambiguitas* dipunginakaken kangge memayu ayuning basa ing salebeting novel. Semanten ugi wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi cithakan wulan Maret–November 2019. Pramila saking andharan-andharan ing inggil panaliten menika ngrembag bab *ambiguitas* basa jawi ing salebeting novel kanthi irah-irahan *Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang*, *Kamalaulya*, *Intan Sepurane Aku Ora Bisa Nresnani* saha *Thathit Bebuntut Udan* anggitanipun Tulus Setiyadi. Panaliten menika badhe ngandharaken jinisipun *ambiguitas*, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas*.

BAB III

CARANING PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinisipun panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. Miturut Suryabrata (2012: 75-76) ngandharaken bilih panaliten *deskriptif* inggih menika satunggaling panaliten ingkang ancasipun nggambaraken kawontenan ing satunggaling kadadosan. Panaliten *deskriptif* gadhah ancas kangge damel gambaran kanthi *sistematis, faktual* saha *akurat* miturut *fakta* saha *sumber data* ingkang wonten. Panaliti ngginakaken jinis panaliten menika kangge ngolah saha nganalisis bab *ambiguitas* ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Wonten ing panaliten menika samangke *data* dipunanalisis adhedhasar *fakta* ingkang wonten utawi dipunandharaken menapa wontenipun.

B. Obyek saha Subyek Data

Obyek panaliten inggih menika ngrembag prakawis ingkang badhe dipuntaliti. *Obyek* panaliten minangka sasaranipun panaliten kangge pikantuk wangsulan saking prakawis ingkang wonten. Miturut pamanggihipun Sugiyono (2017:41) *obyek* panaliten inggih menika sasaran ilmiah kangge manggihaken *data* kanthi ancas saha kaginaan tartamtu ngengingi satunggaling prakawis *obyektif, valid* saha *reliabel* (*variabel* tartamtu). *Obyek* ingkang dipuntaliti inggih menika *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara *ambigu*.

Subyek panaliten minangka panggenipun *variabel*. *Subyek* panaliten minangka panggenipun data ingkang dipunginakaken kangge *variabel* panaliten ingkang sampun dipunpanggihi. *Subyek* panaliten ingkang dipunginakaken ing

panaliten menika novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Novel anggitanipun Tulus Setiyadi ingkang dipunginakaken wonten sekawan irah-irahan inggih menika *Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang, Kamalaulya, Intan Sepurane Aku ora Bisa Nresnani saha Thathit Bebuntut Udan*.

C. Data saha Sumber Data Panaliten

Wujud *data* ing panaliten inggih menika jinis, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting novel anggitanipun Tulus Setiyadi. *Sumber data* panaliten inggih menika novel-novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

Panaliten menika dipunlampahi amargi ing salebeting novel menika tetembunganipun narik kawigatosanipun panaliti awit ngewrat *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara-ukara ingkang mangro makna utawi *ambigu*. Kejawi mekaten *ambiguitas* ing novel-novel anggitanipun Tulus Setiyadi menika dereng nate dipuntaliti.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken *data* ing panaliten menika inggih kanthi *metode simak-catat*. *Metode simak* inggih menika metode kanthi cara maos seratan ing *sumber data* kanthi tliti kangge manggihaken *data* ingkang jumbuh kaliyan titikan ingkang sampun dipuntrepaken (Sudaryanto, 2015: 206-207). Ing panaliten menika *metode simak* dipunginakaken kangge pados *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara ingkang ngalami mangro makna amargi wontenipun *ambiguitas* ing salebetipun novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Salajengipun *data-data* saking *sumber data* dipunkempalaken kanthi ngginakaken metode *catat*. Metode *catat* inggih menika *metode* kanthi nyerat *data* ingkang dipunasilaken ing

kertu *data* (Sudaryanto, 2015: 206). Cara ingkang dipuntindakaken wonten ing tahap pangempalan *data* inggih menika:

1. Nemtokaken *sumber data* ingkang badhe dipuntliti, inggih menika sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
2. Nyemak kanthi cara maos *teks* wonten ing salebeting sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
3. Suka tandha ing *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara ingkang ngalami mangro makna amargi wontenipun *ambiguitas*.
4. Netepaken jinisipun *ambiguitas* ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
5. Netepaken *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
6. Netepaken jinisipun makna *ambiguitas* ing salebeting *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa* saha ukara ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi
7. Nyerat *data* ing kertu *data* ingkang sampun kapanggihaken adhedhasar jinisipun *ambiguitas*, makna *ambiguitas* saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi

Tabel 9. Wujud Kertu Data kangge ngempalaken Data

No	Data	Jinis Ambiguitas									Makna Ambiguitas				Faktor ingkang mangarib awani pangangge ning ambiguitas			Katrangan
		Fonetik		Gramatikal					Leksikal						Fonetik	Gramatikal	Leksikal	
		AFF	AFI	AGMA	AGMR	AGMM	AGSF	AGSK	ALP	ALH	Leksikal	Gramatikal	Idiom	Paribasan	Fonetik	Gramatikal	Leksikal	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
1.																		

8. Ngecek *data* ingkang sampun kapanggihaken, kanthi ancas supados mangertos menapa *data* ingkang kapanggihaken menika leres *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha ukara ingkang ngalami mangro teges amargi wontenipun *ambiguitas*.

E. Pirantosing Panaliten

Pirantosing panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *human instrument*. Miturut pamanggihipun Sugiyono, (2017: 222) panaliti *kualitatif* minangka *human instrument* inggih menika panaliti minangka paraga utama ingkang gadhah tanggel jawab kangge madosi *data-data*. Wondene panaliti minangka *human instrument* ugi nyamektakaken kertu data kangge biyantu anggenipun ngempalaken data. Kertu *data* dipunginakaken kangge nyerat *data-data* ingkang wonten ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Ancasipun

supados saged mangertos jinisipun *ambiguitas*, makna *ambiguitas* saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas*.

Jinisipun *ambiguitas*, makna *ambiguitas* saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* dipuntingali saking *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha ukara-ukara ingkang mangro makna utawi *ambigu* jumbuh kaliyan *teori-teori* ingkang sampun kaandharaken.

F. Caranipun Nganalisis Data

Data wonten ing panaliten menika dipunanalisis ngginakaken analisis *deskriptif*. Miturut pamanggihipun Sugiyono (2016: 147) ngandharaken bilih analisis *deskriptif* menika ginanipun kangge ngempalaken *informasi* satunggaling kadadosan kanthi menapa wontenipun ananging boten ateges ndamel dudutan umum utawi *generalisasi*. Caranipun anggenipun nganalisis *data* kados ing ngandhap menika :

1. Kategorisasi, inggih menika data ingkang sampun kapanggihaken salajengipun dipunperang adhedhasar jinis-jinisipun *ambiguitas*.
2. Jinis *ambiguitas* ingkang sampun wonten salajengipun dipunanalisis miturut makna *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha ukaranipun.
3. Saking asiling panaliten jinis *ambiguitas*, makna *ambiguitas*, saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing salebeting sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi salajengipun dipundamel dudutan.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Keabsahan data ing panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Nasution (2003: 74) piranti ukur

keabsahan data menika wonten kalih syarat utaminipun inggih menika kedah *valid* (sahih) saha kedah *reliabel* (saged dipunpitados).

Validitas ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih menika negesi *data* ingkang sampun kapanggihaken jumbuh kaliyan maknaipun ukara. Salajengipun *validitas* ugi ngginakaken *trianggulasi teori*. *Trianggulasi teori* menika kangge nyocogaken menapa *data* ingkang sampun dipunkempalaken trep kaliyan *teori* ingkang sampun dipunandharaken dening para *ahli teori* mliginipun bab *ambiguitas*.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas* menika kangge mitadosi bilih data menika stabil boten ewah-ewah malih. Jinising *reabilitas* menika, asiling panaliten ndayani beda wekdal ananging data ingkang dipunpanggihi ajeg. Ing salebetipun panaliten *kualitatif*, satunggaling *reliabel* menika asipat *dinamis* utawi tansah ewah satemah boten asipat *konsisten*. Ing panaliten menika *reabilitas* dipunanalisis ngginakaken uji *transferability* inggih menika panaliti ngandharaken asiling panaliten kanthi *rinci*, cetha, *sistematis* saha saged dipunpitados satemah saged dipunpahami kanthi cetha pramila saged dipunangge *referensi* ing panaliten sanesipun. Salajengipun ngginakaken uji *dependability* utawi *audit* ingkang dipunbiyantu dening pembimbing. Panaliten menika ugi ngginakaken uji *comformability* minangka *obyektivitas* panaliten inggih menika panaliten ingkang sampun dipunsarujuki dening masarakat satemah asiling panaliten dados *fungsi* ing panaliten ingkang dipunlampahi.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Perangan menika ngewrat asil panaliten ingkang sampun katindakaken. Asiling panaliten inggih menika jinis *ambiguitas*, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Irah-irahan sekawan novel ingkang dipunginakaken inggih menika *Tembange Kembang kang Kumambang ing Blumbang*, *Kamalaulya*, *Intan Sepurane Aku Ora Bisa Nresnani*, saha *Thathit Bebuntut Udan*. *Data* jinis *ambiguitas* wonten *tabel* menika arupi *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha *ukara ambigu* utawi *data* ingkang gadhah makna langkung saking satunggal. *Data* ingkang ngemu jinis, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* menika ugi gadhah *fungsi* kangge nggesangaken *teks*.

Ing ngandhap menika *tabel* asiling panaliten babagan jinis *ambiguitas*, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ingkang dipunpanggihaken ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Wondene *data* ingkang jangkep badhe dipunandharaken ing kaca *lampiran*.

**Tabel 10. Jinis Ambiguitas, Makna Ambiguitas, Faktor ingkang
Mangaribawani Panganggening Ambiguitas wonten 4 Novel anggitanipun
Tulus Setiyadi**

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Gramatikal	Faktor Fonologis Tembung	Data: “Haahh.. nyawang we bisa nyenengake ati dhewe”. (TBU/kaca.33) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [nyê nê ŋake] saha [nyènèŋake] - Makna → ngremenaken saha dipuntarik kanthi peksa
	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Gramatikal	Faktor Fonologis Tembung	Data: Wiwitan kahanan katon anteng ora ana kang guneman sakecap wae. (TBU/kaca.70) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [sakê cap] saha [sakècap] - Makna → samenga tumangkeping tutuk saha kenthelen duduh kedhele ingkang dipunbumboni asin
	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Gramatikal	Faktor Fonologis Tembung	Data: Pancen kandhane anake wadon ora bisa diselaki maneh. (TBU/kaca.117) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [diselaki] saha [disê laki]

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				Makna → boten dipunakeni saha dipundungkapaken utawi digelak supados enggal rampung
	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Gramatikal	Faktor Fonologis Tembung	Data : “Maturnuwun wis gelem ngendhangi,” (ISAOBN/kaca.25) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [ɲê nɔ̃ anj] saha [ɲenɔ̃ anj] - Makna → dipungameli sarana kendhang saha niliki utawi mriksa
2.	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Leksikal	Faktor Fonologis Tembung	Data: ... padha lungguh raket. (TBU/kaca.36) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Leksikal → [rakê t] saha [rakèt] - Makna → celak sanget saha tampelan ingkang dipunginakaken ing main bal tampel.
	Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)	Leksikal	Faktor Fonologis Tembung	Data: Adin wae sing ana walike geger (TKKKIB/kaca.24) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [gê gê r] saha [gègèr] - Makna → peranganing badan antawisipun jangga kaliyan boyok saha prekawis ingkang ndayani rame
	Ambiguitas Fonologis	Leksikal	Faktor Fonologis	Data: “Bapak mawon ingkang kendel”.

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
	<i>Fonemis (AFF)</i>		Tembung	(TKKKIB/kaca.30) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [kèndê l] saha [kê ndê l] - Makna → rampung anggenipun tumindak saha wantun
	<i>Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Fonologis Tembung</i>	Data: “ana wong lima sing isih ora gelem teken ” (TKKKIB/kaca.30) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [tekê n] saha [tê kê n] - Makna → <i>tandha tangan/</i> tapak asma saha lantaran utawi kajeng wuluhan ingkang dipunangge congkok mlampah
	<i>Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Fonologis Tembung</i>	Data: Menawa kowe ngenglang bisa dadi gendheng . (KU/kaca.67) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [gê nɔ ê ɲ] saha [gê nɔ èɲ] - Makna → ewah/<i>edan</i> saha panutup griya bahanipun saking lempung
	<i>Ambiguitas Fonologis Fonemis (AFF)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Fonologis Tembung</i>	Data: Saben malem minggu, ora lali apel . (KU/kaca.149) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Fonetis → [apê l] saha [apèl]

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				Makna → jinising woh-wohan saha ngempalaken prajurit (sarana tengara tambur)
3.	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: “Aja lali welingku Sih,” (TBU/kaca27) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → weling + -ku - Makna → pituturipun saha sawer welangipun bapak
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: “Haahh.. nyawang we bisa nyenengake ati dhewe”. (TBU/kaca.33) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → ny- + seneng + -ake saha ny- + ceneng + -ake - Makna → ngremenaken saha dipuntarik kanthi peksa
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data : Jenenge ora tresna arep dikapakake tetep ora tresna. (TBU/kaca.60-61) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → di- + kapak + -ake - Makna → dipunpunapakaken utawi ditamani tumindak saha dipuntatoni ngginakaken dedamel arupi kapak
	Ambiguitas Gramatikal	Gramatikal	Faktor Gramatikal	Data: Wiwitan kahanan katon anteng ora ana kang

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
	Morfologis Afiksasi (AGMA)		Tembung	guneman sakecap wae. (TBU/kaca.70) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → sa- + kecap saha sa- + kecap - Makna → samenga tumangkeping tutuk saha kenthelen duduh kedhele ingkang dipunbumboni asin
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: “Ora sudi aku nduwe mantu gedhibal kaya dhapurmu,” (TBU/kaca.102) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → dhapur + -mu - Makna → sesipataning wewangunan minangka titikan asmanipun saha dhapur utawi pawonipun
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: Pancen kandhane anake wadon ora bisa diselaki maneh. (TBU/kaca.117) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → di- + selak + -i saha di- + selak + -i - Makna → boten dipunakeni saha dipundungkapaken utawi digelak supados enggal rampung
	Ambiguitas Gramatikal	Gramatikal	Faktor Gramatikal	Data: Kalungguhanmu bakal diganti karo nak

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
	Morfologis Afiksasi (AGMA)		Tembung	Iskandar (TBU/kaca.124) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → ka- + lungguh + -an - Makna → posisinipun/pangkat saha kawontenan nalika satunggaling tiyang saweg lenggah
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: Ora gelem caturan babar pisan. (ISAOBN /kaca.41) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → catur + -an - Makna → wicatenan dhateng tiyang sanes saha dolanan catur
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: Rasane aku kaya kepelet wae karo dheweke” (TKKKIB/kaca.5) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → ke- + pelet saha kepelet - Makna → dipunpelet ngginakaken sarana dhukun saha kapeksa utawi kepeped sanget
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: “Hmmm.. apa tembung-tembungku nalika rembugan mau ana sing nyocog atimu?” (TKKKIB/kaca.24) Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i>

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				• Morfologis → ny- + cocog • Makna → dipuncubles ngginakaken prekawis ingkang lancip saha rujuk/trep kaliyan asalipun
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: Lakune kaya digelak nyedhaki lungguhe Pratomo (TBU kaca.) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Morfologis → lungguh + -e • Makna → lenggahipun saha sabinipun
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: Riyo karo ngukuri sirahe (KU /kaca. 75) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Morfologis → ng- + kukur + -i saha ng- + ukur + -i • Makna → nggaruk ngginakaken kuku/kukur-kukur amargi gatel saha sarana kangge ngandharaken panjang, wiyar, lsp
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Tembung	Data: “ya mas bapak ibu lagi ngasta, aku neng ngomah dhewekan” (KU kaca 122) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Morfologis → ng- + asta saha ng- + asta • Makna → nyekel/asta saha

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				mulang/ngajar/muruk
4.	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: “Hahh... aku mung elik-elik wae lho” (TBU/kaca.49) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → [elIk-elIk] saha [èlik-èlik] - Makna → menging utawi ngandhani tiyang supados boten nglampahi satunggaling prakawis saha sipatipun awon sanget
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data :“Aku nyambut gawe kanggo celeng-celeng” (TBU/kaca.90) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → [cèlèn-cèlèn] - Makna → jinising kewan saha nabung mbak sakedhik
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: “omah-omah kalih sunarsih.” (TBU/kaca.102) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → [omah-omah] - Makna → griya ingkang cacahipun langkung saking satunggal saha mbangun bale griya/dhedhaupan.
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: Pitakonan kuwi diwangsulni kanthi gedheg-gedheg. (ISAObn kaca 73)

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
	(AGMR)			• Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Morfologis → [gèḍ èg-gèḍ èg] saha [gê ḍ ê g-gê ḍ ê g] • Makna → gesturipun sirah ingkang mengo nengen saha ngiwa nalika ngraos boten mangrertos bab satunggaling prakawis saha gesturipun polatan nalika saweg nandang duka.
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: “awit keri-keri iki...” (ISAONB kaca 124) • Satuan Lingual → Tembung ambigu • Morfologis → [keri-keri] saha [kê ri-kê ri] • Makna → kantun saha kraos griming-griming (kados dipunithik-ithik)
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: “...sawang-sawang pating semriwet” (ISAONB Kaca 133) • Satuan Lingual → Tembung ambigu • Morfologis → [sawaṅ-sawaṅ] saha [sawaṅ-sawaṅ] • Makna → klamating kemangga/rereged ingkang pating srawe saha pandangan/menapa kemawon ingkang dipunpirsani lumantar soca/paningal

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Reduplikasi	Data: “Aja banter-banter ” (KA/kaca.85) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Morfologis → [banter-banter] - Makna → swantenipun sora saha cepet/rikat
5.	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)	Idiom	Faktor Gramatikal Frasa	Data: “...Pratomo sing bisa ngrenggani marang atine kang alum. ” (TBU/kaca.34) - Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> - Morfologis → atine + kang alum - Makna → manahipun ingkang saweg nandang cidra saha tedhanan arupi manah ingkang sampun alum amargi sinimpen sampun lami
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)	Idiom	Faktor Gramatikal Frasa	Data: “Ing wengi kang sepi kapiyak swara banter nganti ngabangake kuping ” (TBU/kaca.105) - Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> - Morfologis → ngabangake + kuping - Makna → ndayani raos duka saha ngabritaken talingan amargi swantenipun sora
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)	Idiom	Faktor Gramatikal Frasa	Data: modhel kang bisa nyolong atine. (ISAONB /kaca.2) Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i>

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				• Morfologis → nyolong + atine • Makna → ngraosaken tresna saha nyolong satunggaling tedhanan arupi manah
	<i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)</i>	<i>Idiom</i>	<i>Faktor Gramatikal Frasa</i>	Data: “Ya Tanti kuwi bocah ndesa sing kedawan lambe” (ISAONB /kaca.83) • Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> • Morfologis → kedawan + lambe • Makna → remen nyatur awon utawi nyaturi awonipun tiyang sanes saha tutukipun panjang kadosta miwir/ndobleh.
	<i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)</i>	<i>Idiom</i>	<i>Faktor Gramatikal Frasa</i>	Data: Erwan mung dikonkon mbiyantu kancane Gayuh anggone njupuk gambar. (ISAONB /kaca.87) • Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> • Morfologis → njupuk + gambar • Makna → motret saha mendhet satunggaling gambar
	<i>Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)</i>	<i>Idiom</i>	<i>Faktor Gramatikal Frasa</i>	Data: Sawetara ana niat saka Rama kanggo nguntabake rasa tresnane marang randha teles kuwi. (TKKKIB/kaca.15) • Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> • Morfologis → randha + teles

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				Makna → status randhanipun dereng lami saha randha ingkang saweg teles kados kasiram toya/bibar siram
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)	Idiom	Faktor Gramatikal Frasa	Data: Dadi wong lanang senengane ngalor ngidul. (TKKKIB/kaca.21) - Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> - Morfologis → ngalor + ngidul - Makna → tiyang ingkang remen dolan wonten ing pundi-pundi saha kados tiyang ingkang mlampah ngaler saha ngidul
	Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM)	Idiom	Faktor Gramatikal Frasa	Data: Eman nganti umur telung puluh taun isih durung bisa mbangun bale wisma. (TKKKIB/kaca.16) - Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> - Morfologis → mbangun + bale wisma - Makna → manten an utawi dhedhaupan dhateng tiyang sanes saha mbangun panggenan arupi griya
5.	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa (AGMF)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Frasa	Data: Saiki wong tuwa kuwi migunakake kuwasane kanggo meksa Sunarsih nampa panglamare Iskandar. (TBU/kaca.123) Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i>

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				• Sintaksis → wong + tuwa • Makna → tiyang ingkang sampun kathah yuswanipun saha bapak utawi ibu saha tiyang ingkang dipunsepuhaken utawi dhukun
6.	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: “...Pratomo sing bisa ngrenggani marang atine kang alum.” (TBU/kaca.34) • Satuan lingual → Frasa <i>ambigu</i> • Morfologis → atine + kang alum • Makna → Pratomo saged ngrenggani dhateng manahipun ingkang saweg nandang cidra saha Pratomo saged ngrenggani tedhanan arupi manah ingkang sampun alum amargi sinimpen sampun lami
	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: Sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi nggawa ati kang panas. (TBU/kaca.31) • Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → sepedha motor banjur ngeblas lunga + kanthi nggawa ati kang panas • Makna → tiyang ingkang nitih sepedha motor menika saweg panas manahipun amargi

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				emosi saha tiyang menika mbekta satunggaling tedhanan arupi manah ingkang taksih panas amargi bibar dipunmasak
	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: Priya kuwi ora duwe usus kang dawa. (TBU/kaca.43) • Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → Priya kuwi + ora duwe usus kang dawa • Makna → tiyang ingkang boten sarehan manah saha tiyang menika boten gadhah usus ingkang panjang
	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: Intan dadi bingung lan kagodha wewayangan kang nyolong atine. (ISA OBN /kaca.4) • Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → wewayangan + kang nyolong atine • Makna → wewayanganipun tiyang ingkang ndayani raos katresnanipun saha wewayangan ingkang nyolong tedhanan arupi manahipun
	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: Kahanan banjur lerem sedhela awit kabeh padha nata atine kang lagi panas. (TKKKIB/kaca.89)

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				• Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → kabeh padha nata + atine kang lagi panas • Makna → ngleremaken manahipun ingkang emosi saha natani tedhanan arupi manah ingkang saweg panas amargi bibar dipunmasak
	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Gramatikal	Faktor Gramatikal Klausa	Data: Rembulan lan lintang sajak ora gelem tangi saka paturone. (KA/kaca.66) • Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → Rembulan lan lintang + sajak ora gelem tangi saka paturone • Makna → rembulan saha lintang ing angkasa menika boten katingal amargi kawontenanipun ingkang peteng saha Rembulan saha Lintang menika minangka tiyang ingkang boten purun wungu saking paturonipun
7.	Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa (AGSK)	Paribasan	Faktor Gramatikal Klausa	Data: “Apa kowe arep nunggu tumibane udan ing mangsa ketiga?” (TKKKIB/kaca.17) • Satuan lingual → Klausa <i>ambigu</i> • Sintaksis → nunggu tumibane udan + ing

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				mangsa ketiga • Makna → prakawis ingkang mokal saged awujud saha tiyang menika nengga tumibanipun jawah ing mangsa katiga
8.	Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)	Leksikal	Faktor Leksikal Homonimi	Data: “Menawa nitik saka kendharaane mobil mewah...” (TBU/kaca.16) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → nitik • Makna → nengeri saha nglari utawi nglacak
	Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)	Leksikal	Faktor Leksikal Homonimi	Data: “Hahh ngapa dadak melu urusane bocah enom”. (TBU/kaca.17) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → dadak • Makna → kedah saha enggal-enggalan utawi rerikatan
	Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)	Leksikal	Faktor Leksikal Homonimi	Data: “kalih kanca.” (TBU/kaca.26) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → kalih • Makna → ukara wilangan 2 utawi kalih saha kaliyan
	Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)	Leksikal	Faktor Leksikal Homonimi	Data: ... padha lungguh raket. (TBU/kaca.36) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → [rakê t] saha [rakèt]

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				Makna → celak sanget saha tampelan ingkang dipunginakaken ing main bal tampel.
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: Hehh.. Sih saka ngendi (TBU/kaca.121) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Leksikal → saka - Makna → asalipun, tiyang panyangga saha namanipun tiyang aji saka utawi taun saka
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: "...waras tenan satemene ya kepengin." (ISA OBN /kaca.18) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Leksikal → waras - Makna → boten sesakiten saha palemahan ingkang boten dipuntanemi
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: Mung paitan rupa wae kaya bisa gawe pulute katresnan. (ISA OBN /kaca.134) - Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> - Leksikal → rupa - Makna → pasuryan saha warni
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: "Ewa semana arep kandha durung wani wedi menawa pimpinane kuwi duka" (TKKKIB/kaca.28) Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i>

NO	Jinis Ambiguitas	Makna	Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas	Indikator
1	2	3	4	5
				• Leksikal → duka • Makna → srengen utawi <i>nesu saha boten mangertos</i>
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: Adin wae sing ana walike geger (TKKKIB/kaca.24) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → [gê gê r] saha [gègèr] • Makna → peranganing badan antawisipun jangga kaliyan boyok saha prekawis ingkang ndayani rame
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: “Bapak mawon ingkang kendel . (TKKKIB/kaca.30) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → [kèndê l] saha [kê ndê l] • Makna → rampung anggenipun tumindak saha wantun
	<i>Ambiguitas Leksikal Homonimi (ALH)</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: Menawa kowe ngengleng bisa dadi gendheng . (KU/kaca.67) • Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → [gê nɔ ê ɲ] saha [gê nɔ èɲ] • Makna → ewah/<i>edan</i> saha panutup griya bahanipun saking lempung
	<i>Ambiguitas Leksikal</i>	<i>Leksikal</i>	<i>Faktor Leksikal Homonimi</i>	Data: Saben malem minggu, ora lali apel . (KU/kaca.149)

NO	Jinis <i>Ambiguitas</i>	Makna	<i>Faktor</i> ingkang Mangaribawani Panganggening <i>Ambiguitas</i>	<i>Indikator</i>
1	2	3	4	5
	<i>Homonimi</i> (<i>ALH</i>)			• Satuan lingual → Tembung <i>ambigu</i> • Leksikal → [apê l] saha [apèl] • Makna → satunggaling jinising woh-wohan saha dolan ing griyanipun pacing

Miturut data *satuan lingual ambigu* ingkang dipunprangguli ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi, jinisipun *ambiguitas* kaperang dados (1) *ambiguitas fonologis* inggih menika *ambiguitas fonologis fonemis*, (2) *ambiguitas gramatikal* kaperang dados gangsal inggih menika *ambiguitas gramatikal morfologis afiksasi*, *ambiguitas gramatikal morfologis reduplikasi*, *ambiguitas gramatikal morfologis majemuk*, *ambiguitas gramatikal sintaksis frasa*, saha *ambiguitas gramatikal sintaksis klausa*, (3) *ambiguitas leksikal* inggih menika *ambiguitas leksikal homonimi*. Jinising makna *ambiguitas* ing tabel nginggil menika wonten sekawan inggih menika makna *leksikal*, makna *gramatikal*, makna *idiom* saha makna paribasan.

Wondene *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ing tabel nginggil menika wonten tiga inggih menika *faktor fonologis*, *faktor gramatikal* saha *faktor leksikal*. *Faktor fonologis*-ipun inggih menika *faktor fonologis* tembung, *Faktor gramatikal* kaperang dados tigang prakawis inggih menika *faktor gramatikal* tembung, *frasa* saha *klausa*, wondene *faktor leksikal* wonten satunggal prakawis inggih menika *faktor leksikal* tembung. Jinis, makna,

saha *faktor* ingkang mangaribawani *ambiguitas* badhe dipunrembag ing pirembagan asiling panaliten ngandhap menika.

A. Pirembagan Asiling Panaliten

Miturut asilling panaliten wonten ing inggil babagan jinis *ambiguitas*, makna *ambiguitas*, saha *faktor* ingkang mangaribawani *ambiguitas* ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi, panganggening *ambiguitas* kathah saha mawarni-warni. Pirembagan kawiwitan saking jinisipun *ambiguitas*, dipunlajengaken makna *ambiguitas*, dipunlajengaken ingkang pungkasan inggih menika *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas*.

Jinisipun *ambiguitas* kaperang dados tiga inggih menika awujud *ambiguitas fonologis*, *ambiguitas gramatikal* saha *ambiguitas leksikal*. Tetiga jinis menika taksih dipunbedakaken miturut tata panyeratipun *fonem*, *morfem*, tembung, *frasa* saha *klausa* ing salebeting *data* menika.

1. *Ambiguitas Fonologis*

Ing panaliten menika, *ambiguitas fonologis* kangge ngandharaken makna-makna ingkang tuwuh amargi cawhipun ungelipun swanten-swanten basa ing satunggaling tembung utawi ukara inggih menika *ambiguitas* arupi swanten basa ingkang sinerat ing novel. Pramila saged mujudaken ukara pakon antawisipun pangangge basa inggih menika pamaos bab menapa ingkang sajatosipun badhe dipunmaksud dening pangripta karya sastra. Wondene ing panaliten menika *ambiguitas fonologis* ingkang badhe dipunbahas arupi tembung ingkang panyeratipun sami ananging nuwuhaken ungel/pangucap ingkang beda ing salebeting novel. *Ambiguitas* ingkang awujud *fonologis* wonten satunggal inggih menika *ambiguitas fonologis fonemis*.

a.1 Ambiguitas Fonologis Fonemis, Makna Gramatikal, Faktor Fonologis Tembung

Miturut Ullmann (2014: 196) mangronipun makna ingkang dumados ing *ujaran langsung* menika saged dipundayani dening *struktur fonetik ukara*. Menawi dumunung ing karya sastra, *ambiguitas fonologis fonemis* menika mujudaken *satuan lingual* tembung ingkang panyeratipun aksara utawi *fonem*-ipun ing basa sinerat ingkang sami ananging nuwuhaken *fonetis* ingkang beda. Pramila ing panaliten menika ngandharaken tembung-tembung *ambigu* ingkang saged nuwuhaken raos bingung tumrap pamaos bab ungel/pangucapipun waosan ingkang dipunwaos, bilih boten mangretosi tembung ingkang sajatosipun dipunaksud dening pangripta karya sastra. Ing ngandhap badhe dipunandharaken pethikan saking novel anggitanipun Tulus Setiyadi ingkang ngewrat *Ambiguitas Fonologis Fonemis* (AFF).

1) “Haahh.. nyawang we bisa nyenengake ati dhewe”. (TBU/kaca.33)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “nyenengake” *fonetis*-pun inggih menika [nyê nê ŋake] /ê /’ dumados saking tembung lingga [sê nê ŋ] /ê / inggih menika ‘ngremenaken’ saha [nyènèŋake] saking tembung lingga [cènèŋ] /è/ utawi ‘dipuntarik kanthi peksa’. Tembung “nyenengake” minangka tembung andhahan *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “nyenengake” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis Tembung*, tembung “nyenengake” menika minangka tembung

ambigu ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

- 2) Wiwitan kahanan katon anteng ora ana kang guneman sakecap wae.
(TBU/kaca.70)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “sakecap” *fonetis*-pun inggih menika [sakê cap] /ê / ingkang tegesipun ‘*samenga tumangkeping tutuk*’ saha [sakècap] /è/ inggih menika ‘*kenthelan duduh kedhele ingkang dipunbumboni asin*’. Tembung “sakecap” minangka tembung andhahan *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “sakecap” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “sakecap” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

- 3) Pancen kandhane anake wadon ora bisa diselaki maneh. (TBU/kaca.117)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “diselaki” *fonetis*-pun inggih menika ‘[diselaki] /e/’ ingkang tegesipun ‘*boten dipunakeni*’ saha ‘[disê laki] /ê / inggih menika ‘*dipundungkapaken utawi digelak supados enggal rampung*’. Tembung “diselaki” minangka tembung andhahan *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “diselaki” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “diselaki” menika minangka tembung

ambigu ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

4) Data : “Maturnuwun wis gelem ngendhangi,” (ISA OBN/kaca.25)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “ngedhangi” *fonetis*-pun inggih menika [ŋê nd̥ aŋi] ingkang tegesipun inggih menika ‘*dipungameli sarana kendhang*’ saha [ŋend̥ aŋi] tegesipun inggih menika ‘*niliki utawi mriksa*’. Tembung “ngendhangi” minangka tembung andhahan *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “ngendhangi” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “ngendhangi” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

Adhedhasar asiling *analisis* ing inggil *Ambiguitas Fonologis Fonemis*, makna *gramatikal*, *faktor* ingkang mangaribawani inggih menika *faktor fonologis* tembung menika kapanggihaken wonten 4 *data*. Sekawan *data* kala wau pikantuk wuwuhan arupi ater-ater ingkang nuwuhaken *ambiguitas*. *Data* menika ngewrat makna *gramatikal* amargi suraosipun kedah dipungayutaken kaliyan ukaranipun.

a.2 Ambiguitas Fonologis Fonemis, makna Leksikal, Faktor Fonologis Tembung

1) ... padha lungguh raket. (TBU/kaca.36)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “raket” *fonetis*-pun inggih menika [rakê t] /ê /’ ingkang tegesipun ‘*celak sanget*’ saha [rakèt] /è / ‘*tampelan ing main bal tampel*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “raket” menika madeg piyambak utawi bebas saha tegesing tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “raket” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

2) Data: “ana wong lima sing isih ora gelem teken” (TKKKIB/kaca.30)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “teken” *fonetis*-pun inggih menika [tekê n] /e/ ingkang tegesipun ‘*tandha tangan/tapak asma*’ saha [tê kê n] /ê / ‘*lantaran utawi kajeng wuluhan ingkang dipunangge congkok mlampah*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “teken” menika madeg piyambak utawi bebas saha tegesing tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “teken” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

3) Adin wae sing ana walike geger (TKKKIB/kaca.24)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “geger” *fonetis*-pun inggih menika [gê gê r] /ê / ingkang tegesipun ‘*peranganing badan antawisipun jangga kaliyan boyok*’ saha [gègèr] /è/ inggih menika ‘*prekawis ingkang njalari rame*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “geger” menika madeg piyambak utawi bebas saha tegesing tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung, tembung “geger” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

4) “Bapak mawon ingkang kendel” (TKKKIB/kaca.30)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “kendel” *fonetis*-pun inggih menika ‘[kèndê l] /è/’ ingkang tegesipun ‘*rampung anggenipun tumindak*’ saha [kê ndê l] /ê / inggih menika ‘*wantun*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “kendel” menika madeg piyambak utawi bebas saha tegesing tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonetik* Tembung, tembung “kendel” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

5) Data: Menawa kowe ngengleng bisa dadi gendheng. (KA/kaca.67)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “gendheng” *fonetis*-pun inggih menika ‘[gê nd ê ɲ] /ê /’ ingkang tegesipun ‘*ewah/edan penggalhipun*’ saha ‘[gê nd èɲ] /è/’ inggih menika ‘*panutup griya bahanipun saking lempung*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “gendheng” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonologis* Tembung tembung “gendheng” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

6) Data: Saben malem minggu, ora lali apel. (KA/kaca.149)

Miturut Bausastra v1.1 tembung “apel” *fonetis*-pun inggih menika [apê l] /ê / utawi ‘jinising woh-wohan’ saha [apèl] /è / inggih menika ‘ngulur prekawis dhateng pengadilan ingkang langkung inggil/ngempalaken prajurit (sarana tengara tambur)’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika makna *leksikal* amargi tembung “apel” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Fonetik* Tembung, tembung “apel” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang *fonemis*-ipun sami ananging *fonetis*-ipun beda.

Saking asiling analisis ing inggil, *Ambiguitas Fonologis Fonemis* ingkang ngewrat makna *leksikal* kapanggihaken 6 data adhedhasar tembung andhahan *ambigu*. *Ambiguitas Fonologis Fonemis* ingkang ngewrat makna *leksikal* kapanggihaken 6 data adhedhasar tembung lingga *ambigu*.

7) *Ambiguitas Gramatikal*

Miturut Pateda (2010: 203) *Ambiguitas gramatikal* menika dumados ing satuan basa inggih menika ukara. Pramila kanthi mekaten, *ambiguitas gramatikal* inggih menika wujud *satuan lingual ambigu* dipuntingali saking *konstruksi-nipun* tembung-tembung ingkang beda. Miturut Chaer (2013: 139) *proses gramatikal* kadosta *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *komposisi* (gabungan tembung-tembung) menika saged nuwuhaken ewahipun makna amargi *proses gramatikal*. Ananging boten sedaya tembung ingkang ngalami *proses gramatikal* menika dipunwastani *ambigu*. Andharan menika kedah dipunjumbuhaken kaliyan *satuan lingual* asil *proses gramatikal*. Asilipun menika wonten ingkang wujudipun tembung, *frasa* menapa dene ukara ingkang boten *ambigu*, ananging wonten ugi ingkang mangro makna, pramila dipunsebat makna ingkang ngewrat *ambiguitas*. Wondene *Ambiguitas Gramatikal* badhe dipunrembag dados gangsal inggih menika jumbuh kaliyan data *satuan lingual ambigu* ingkang dipunprangguli ing *sumber data panaliten* menika.

a. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi (AGMA), Makna Gramatikal saha Faktor Gramatikal Tembung.*

Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi, *Makna Gramatikal* saha *Faktor Gramatikal Tembung* inggih menika *ambiguitas* ingkang wonten ing satunggaling tembung andhahan *ambigu*. Tembung menika asil saking pangrimbangipun tembung lingga sanes *ambigu*, lajeng kawuwuhan ater-ater, seselan, panambang menapa dene wuwuhan sesarengan satemah nuwuhaken tembung *ambigu*. Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas gramatikal*

morfologis afiksasi, makna gramatikal, faktor gramatikal tembung ingkang dipunpethik saking novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

1) “Aja lali welingku Sih,” (TBU/kaca.27)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “welingku” wuwuhanipun panambang weling + -ku ingkang tegesipun ‘*pituturipun*’ saha ‘weling + -ku’ inggih menika ‘*sawer welangipun*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “welingku” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “welingku” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

2) “Haahh.. nyawang we bisa nyenengake ati dhewe”. (TBU/kaca.33)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “nyenengake” wuwuhanipun ater-ater ny- + seneng + -ake tegesipun inggih menika ‘*ngremenaken*’ saha ny- + ceneng + -ake inggih menika ‘*dipuntarik kanthi peksa*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “nyenengake” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “nyenengake” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika satunggal tembung ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu* satemah mujudaken kalih makna.

3) “Ibu ora bakal ngakoni kowe anakku.” (TBU/kaca.60)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “ngakoni” wuwuhanipun sesarengan rumaket ng- + akon + -i ingkang tegesipun ‘*dhawuh dhateng tiyang supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken*’ saha ng- + aku + -i inggih menika ‘*nganggep leres perkawis tartamtu*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “ngakoni” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “ngakoni” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

4) Jenenge ora tresna arep dikapakake tetep ora tresna. (TBU/kaca.60-61)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “dikapakake” wuwuhanipun sesarengan rumaket di- + kapak + -ake ingkang tegesipun ‘*dipunpunapakaken utawi ditamani tumindak*’ saha di- + kapak + -ake inggih menika ‘*dipuntatoni ngginakaken dedamel arupi kapak*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “dikapakake” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika. *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “dikapakake” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

- 5) Wiwitan kahanan katon anteng ora ana kang guneman sakecap wae.
(TBU/kaca.70)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “sakecap” wuwuhanipun panambang sa- + -kecap ingkang tegesipun ‘*samenga tumangkeping tutuk*’ saha ‘*kenthelan duduh kedhele ingkang dipunbumboni asin*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “sakecap” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “sakecap” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

- 6) “Ora sudi aku nduwe mantu gedhibal kaya dhapurmu,” (TBU/kaca.102)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “dhapurmu” wuwuhanipun panambang dhapur + -mu ingkang tegesipun ‘*sesipataning wewangunan minangka titikan asmanipun*’ saha dhapur + -mu inggih menika ‘*dhapur utawi pawonipun*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “dhapurmu” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “dhapurmu” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

7) Pancen kandhane anake wadon ora bisa diselaki maneh. (TBU/kaca.117)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “diselaki” wuwuhanipun panambang di- + selak + -i ingkang tegesipun ‘*boten dipunakeni*’ di- + selak + -i inggih menika ‘*dipundungkapaken utawi digelak supados enggal rampung*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “diselaki” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “diselaki” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

8) Kalungguhanmu bakal diganti karo nak Iskandar (TBU/kaca.124)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “kalungguhanmu” wuwuhanipun sesarengan rumaket ka- + lungguh + -an ingkang tegesipun ‘*posisinipun*’ utawi ‘*pangkat*’ saha ka- + lungguh + -an utawi ‘*kawontenan nalika satunggaling tiyang saweg lenggah*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “kalungguhanmu” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “kalungguhanmu” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

9) Ora gelem caturan babar pisan. (ISAObN /kaca.41)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “caturan” wuwuhanipun panambang catur + -an ingkang tegesipun ‘*wicaten kaliyan tiyang sanes*’ saha catur + -an inggih menika ‘*dolanan catur*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “caturan” menika minangka fungsi penjelas ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “caturan” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

10) Rasane aku kaya kepelet wae karo dheweke” (TKKKIB/kaca.5)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “caturan” wuwuhanipun ater-ater ‘ke- + pelet’ ingkang tegesipun ‘*kapeksa utawi kepeped sanget*’ saha ‘ke-+ pelet’ inggih menika ‘*dipungunani/dipundhuyung sarana dhukun*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “kepelet” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “kepelet” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

11) “Hmmm.. apa tembung-tembungku nalika rembugan mau ana sing nyocog atimu?” (TKKKIB/kaca.24)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “nyocog” wuwuhanipun ater-ater ny- + cocog ingkang tegesipun ‘*dipuncubles ngginakaken prekawis ingkang*

lancip’ saha ny- + cocog minangka tembung kriya inggih menika ‘*rujuk/trep kaliyan asalipun*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “nyocog” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “nyocog” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

12) Lakune kaya digelak nyedhaki lungguhe Pratomo (TBU kaca.)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “lungguhe” wuwuhanipun panambang lungguh + -e ingkang tegesipun ‘*lenggahipun*’ saha lungguh + -e inggih menika ‘*sabinipun*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “lungguhe” menika minangka fungsi penjelas ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “lungguhe” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

13) Riyo karo ngukuri sirahe (KU /kaca. 75)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “ngukuri” wuwuhanipun sesarengan rumaket inggih menika ng- + kukur + -i ingkang tegesipun ‘*nggaruk ngginakaken kuku/kukur-kukur amargi gatel*’ saha ng- + ukur + -i inggih menika ‘*sarana kangge ngandharaken panjang, wiyar, lsp*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “ngukuri” menika minangka fungsi penjelas ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “ngukuri” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

14) “ya mas bapak ibu lagi ngasta, aku neng ngomah dhewekan” (KU kaca 122)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “ngukuri” wuwuhanipun sesarengan rumaket inggih menika ng- + asta ingkang tegesipun ‘*nyepeng/ngasta*’ saha ng- + asta inggih menika ‘*mulang/ngajar/muruk*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “ngasta” menika minangka fungsi penjelas ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi tembung “ngasta” menika minangka tembung *ambigu* ingkang dipundayani *proses afiksasi* inggih menika tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan *ambigu*.

Pethikan ing nginggil ngewrat *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Afiksasi* katingal wujud *satuan lingual* basa inggih menika tembung andhahan *ambigu*. Ing panaliten manika tembung *ambigu* pikantuk ater-ater, panambang saha wuwuhan sesarengan rumaket (*konfiks*). Tembung menika ngewrat makna *gramatikal* amargi suraosipun kedah dipungayutaken kaliyan ukaranipun.

b. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi (AGMR), Makna Gramatikal saha Faktor Gramatikal Tembung*

Ambiguitas Basa Jawi ingkang jinisipun *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi*, Makna *Gramatikal saha Faktor Gramatikal Tembung* inggih menika *ambiguitas* ingkang wonten ing satunggaling tembung rangkep *ambigu*. Tembung rangkep *ambigu* ingkang dipunprangguli ing panaliten menika ingkang ngewrat tembung rangkep dwilingga. Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas gramatikal morfologis afiksasi*, makna *gramatikal*, *faktor gramatikal* tembung ingkang dipunpethik saking novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

1) “Hahh... aku mung elik-elik wae lho.”(TBU/kaca.49)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “elik-elik” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna kanthi *fonetis* ingkang beda inggih menika [elIk- elIk] ingkang tegesipun ‘*menging utawi ngandhani tiyang supados boten nglampahi satunggaling prakawis*’ saha [èlik-èlik] inggih menika ‘*pasuryanipun awon sanget*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “elik-elik” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Tembung*, amargi satuan *gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami saha nuwuhaken mangronipun makna.

2) “Aku nyambut gawe kanggo celeng-celeng” (TBU/kaca.90)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “celeng-celeng” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna inggih menika [cèlèn-cèlèn] ingkang tegesipun ‘*jinising kewan*’ saha [cèlèn-cèlèn] inggih menika ‘*nabung mbaka sakedhik*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “celeng-celeng” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi *satuan gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

3) “...omah-omah kalih sunarsih.” (TBU/kaca.102)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “omah-omah” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna inggih menika [omah-omah] ingkang tegesipun ‘*griya ingkang cacahipun langkung saking satunggal*’ saha [omah-omah] inggih menika ‘*mbangun bale griya utawi dhedhaupan dhateng tiyang sanes*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “omah-omah” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi *satuan gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

4) Data: Pitakonan kuwi diwangsulni kanthi gedheg-gedheg. (ISAOBN kaca 73)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “gedheg-gedheg” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna [gèḁ èg- gèḁ èg] ingkang tegesipun ‘*gesturipun sirah ingkang mengo nengen saha ngiwa nalika ngraos boten mangrertos bab satunggaling prekawis*’ saha [gê ḁ ê g- gê ḁ ê g] inggih menika ‘*gesturipun polatan nalika saweg nandang duka*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “banter-banter” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi satuan *gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

5) Data: “awit keri-keri iki...” (ISAOBN kaca 124)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “banter-banter” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna [keri-keri] ingkang tegesipun ‘*kantun*’ saha [kê ri-kê ri] inggih menika ‘*kraos griming-griming (kados dipunithik-ithik)*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “banter-banter” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi satuan *gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

6) Data: “...sawang-sawang pating semriwet” (ISA OBN Kaca 133)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “sawang-sawang” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna [sawanj-sawanj] ingkang tegesipun ‘*klamating kemangga/rereged ingkang pating srawe*’ saha [sawanj-sawanj] inggih menika ‘*pandangan/menapa kemawon ingkang dipunpirsani lumantar soca/paningal*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “banter-banter” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi satuan *gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

7) “Aja banter-banter” (KA/kaca.85)

Adhedhasar Widyatembung, tembung “banter-banter” minangka tembung dwilingga *ambigu* amargi nuwuhaken mangro makna [banter-banter] ingkang tegesipun ‘*swantenipun sora*’ saha [banter-banter] inggih menika ‘*cepat utawi rikat*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi tembung “banter-banter” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal* Tembung amargi satuan *gramatikal* ingkang arupi pangrangkeping tembung lingga ingkang sami (*reduplikasi*) satemah nuwuhaken mangro makna.

Asiling *analisis* ing inggil *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Reduplikasi* wujud *satuan lingual* basanipun inggih menika tembung rangkep *ambigu*. Tembung-tembungipun pikantuk rerangkeping tembung (*reduplikasi*) inggih menika tembung rangkep dwilingga. Tembung menika ngewrat makna *gramatikal* amargi suraosipun kedah dipungayutaken kaliyan ukaranipun.

c. *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk (AGMM), Makna Idiom saha Faktor Gramatikal Frasa*

Ambiguitas Basa Jawi ingkang jinisipun *Ambiguitas Gramatikal Morfologis Majemuk*, Makna *Idiom* saha *Faktor Gramatikal Frasa* inggih menika *ambiguitas* ingkang wonten ing satunggaling *frasa majemuk ambigu*. Proses *pemajemukan* utawi *kombinasi* tembung-tembung menika mujudaken makna enggal. Makna enggal menika uwal saking *makna leksikal satuan lingual* tembung asalipun. Pramila kanthi mekaten, makna tembung *majemuk* asil saking *kombinasi* menika boten wonten gayutanipun kaliyan makna tembung asalipun. Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas morfologis majemuk*, makna *idiom*, *faktor gramatikal frasa* ingkang dipunpethik saking novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

1) “...Pratomo sing bisa ngrenggani marang atine kang alum.” (TBU/kaca.34)

Frasa “*atine kang alum*” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung *atine* + *kang alum* ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*manahipun saweg nandang cidra*’ saha ‘*tedhanan arupi manah arupi manah ingkang sampun alum amargi sinimpen sampun lami*’.

Jinispun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “atine kang alum” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

2) modhel kang bisa nyolong atine. (ISAON /kaca.2)

Frasa “nyolong atine” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung nyolong + atine ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*ndayani raos katresnan*’ saha ‘*nyolong tedhanan arupi manah satunggaling kewan kadosta pitik saha menda*’.

Jinispun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “nyolong atine” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

3) “Ya Tanti kuwi bocah ndesa sing kedawan lambe” (ISAON /kaca.83)

Frasa “kedawan lambe” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung kedawan + lambe, ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*remen nyatur awon utawi nyaturi awonipun tiyang sanes*’ saha ‘*tutukipun panjang kadosta memble/ndobleh*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “kedawan lambe” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *stuktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

- 4) Erwan mung dikonkon mbiyantu kancane Gayuh anggone njupuk gambar. (ISAOBN /kaca.87)

Frasa “njupuk gambar” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung njupuk + gambar ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*motret*’ saha ‘*mendhet satunggaling gambar*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “njupuk gambar” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *stuktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

- 5) Sawetara ana niat saka Rama kanggo nguntabake rasa tresnane marang randha teles kuwi. (TKKKIB/kaca.15)

Frasa “randha teles” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung randha + teles ingkang

mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*status randhanipun dereng lami*’ saha ‘*randha ingkang teles kados dipunsiram toya*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “randha teles” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening ambiguitas inggih menika Faktor Gramatikal Frasa amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

6) Dadi wong lanang senengane ngalor ngidul. (TKKKIB/kaca.21)

Frasa “ngalor ngidul” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung ngalor + ngidul ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*tiyang ingkang remen dolan wonten ing pundi-pundi*’ saha ‘*kados tiyang ingkang mlampah ngaler saha ngidul*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “ngalor ngidul” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening ambiguitas inggih menika Faktor Gramatikal Frasa amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

7) Eman nganti umur telung puluh taun isih durung bisa mbangun bale wisma. (TKKKIB/kaca.16)

Frasa “mbangun + bale wisma” menika *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal saha boten saged dipunwangsulaken ing maknanipun

tembung asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung mbangun + bale wisma ingkang mujudaken kalih suraos inggih menika ‘*mantenan/dhaup dhateng tiyang sanes*’ saha ‘*mbangun panggenan arupi griya*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *idiom* amargi *frasa* “mbangun bale wisma” menika nggadhahi makna ingkang boten saged dipunramalaken menawi dipuntingali saking makna tembung asalipun.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *stuktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna.

8) *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa (AGSF), Makna Gramatikal, Faktor Gramatikal Frasa*

Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa, Makna Gramatikal saha *Faktor Gramatikal Frasa* inggih menika *ambiguitas* ingkang gayut antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal ananging taksih gayut kaliyan *makna leksikal satuan lingual* tembung asalipun. Maknanipun *frasa* asil saking *kombinasi* tembung menika gayut kaliyan makna tembung asalipun. Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas gramatikal sintaksis frasa*, makna *gramatikal*, *faktor gramatikal frasa* ingkang dipunpethik saking salah satunggal novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

- 1) Saiki wong tuwa kuwi migunakake kuwasane kanggo meksa Sunarsih nampa panglamare Iskandar. (TBU/kaca.123)

Frasa menika saking *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal ananging taksih saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung

asalipun. *Frasa* menika dumados saking tembung wong + tuwa ingkang mujudaken tigang suraos inggih menika ‘*tiyang ingkang sampun kathah yuswanipun*’ ‘*bapak utawi ibu*’ saha ‘*tiyang ingkang dipunsepuhaken utawi dhukun*’. Tetiga pangretosan menika taksih sami gegayutan.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *frasa* “wong tuwa” menika minangka *fungsi penjelas* ing salebeting ukara.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Frasa* amargi gabunganipun tembung arupi *frasa* menika *struktur*-ipun sampun cetha ananging mujudaken mangronipun makna

Pethikan ing nginggil ngewrat satunggal asiling analisis *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Frasa* (AGSF) katingal saking wujud *satuan lingual* basa inggih menika *frasa ambigu*. *Frasa* menika saking *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal ananging taksih saged dipunwangsulaken ing maknanipun tembung asalipun. Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *frasa* menika minangka fungsi *penjelas* ing salebeting ukara saha suraosipun kedah dipungayutaken kaliyan ukaranipun.

d. *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa* (AGSK), Makna Gramatikal, saha *Faktor Gramatikal Klausa*

Ambiguitas ingkang gayut antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung inggih menika *klausa*. Padatanipun tetembungan ing salebeting *klausa* nalika dipunwaos nuwuhaken pamanggih beda-beda saben tiyang. Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas gramatikal sintaksis klausa*, makna *gramatikal*, *faktor gramatikal klausa* ingkang dipunpethik saking novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

1) Sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi nggawa ati kang panas.

(TBU/kaca.31)

Klausa ‘ngeblas lunga nggawa ati kang panas’ ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika tiyang menika ‘*saweg panas manahipun amargi emosi*’ saha ‘*tiyang menika mbekta satunggaling tedhanan arupi manah ingkang taksih panas amargi bibar dipunmasak*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur*-ipun *klausa* ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

2) “...Pratomo sing bisa ngrenggani marang atine kang alum.” (TBU/kaca.34)

Klausa “Pratomo sing bisa ngrenggani marang atine kang alum” ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika ‘*Pratomo saged ngrenggani dhateng manahipun ingkang saweg nandang cidra*’ saha ‘*Pratomo saged ngrenggani tedhanan arupi manah ingkang sampun alum amargi sinimpen sampun lami*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur-ipun* klausa ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

3) Priya kuwi ora duwe usus kang dawa. (TBU/kaca.43)

Klausa “Priya kuwi duwe usus kang dawa” ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika ‘*tiyang ingkang boten sarehan manah*’ saha ‘*tiyang menika boten gadhah usus ingkang panjang*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur-ipun* klausa ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

4) Intan dadi bingung lan kagodha wewayangan kang nyolong atine. (ISAOBN /kaca.4)

Klausa ‘wewayangan kang nyolong atine’ ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika ‘*wewayanganipun tiyang ingkang ndayani raos katresnanipun*’ saha ‘*wewayangan utawi ingkang nyolong tedhanan arupi satunggaling manah*’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur*-ipun *klausa* ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

- 5) Kahanan banjur lerem sedhela awit kabeh padha nata atine kang lagi panas. (TKKKIB/kaca.89)

Klausa “kabeh padha nata atine kang lagi panas” ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika ‘ngleremaken manahipun ingkang emosi’ saha ‘nata tedhanan arupi manah ingkang saweg panas kadosta bibar dipunmasak’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur*-ipun *klausa* ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

- 6) Rembulan lan lintang sajak ora gelem tangi saka paturone. (KA/kaca.66)

Klausa “Rembulan lan lintang sajak ora gelem tangi saka paturone” ngewrat gegayutan antawisipun tandha satunggal kaliyan tandha sanesipun ingkang dipundayani dening *kombinasi* tembung. *Klausa* menika nuwuhaken kalih suraos inggih menika ‘rembulan saha lintang ing angkasa menika boten

katingal nedahaken bilih kawontenanipun langit ingkang peteng’ saha ‘Rembulan saha Lintang menika minangka nama tiyang ingkang boten purun wungu saking paturonipun’.

Jinisipun makna inggih menika makna *gramatikal* amargi *klausa* menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi *proses gramatikal komposisi*.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur*-ipun *klausa* ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

Pethikan ing nginggil ngewrat 6 asiling *analisis ambiguitas gramatikal sintaksis klausa* (AGSK), makna *gramatikal* saha faktor ingkang mangaribawani inggih menika *faktor gramatikal frasa* menika katingal saking wujud *satuan lingual* basa inggih menika *klausa ambigu*.

e. *Ambiguitas Gramatikal Sintaksis Klausa* (AGSK), Makna Paribasan, saha *Faktor Gramatikal Klausa*

Ing ngandhap badhe dipunandharaken *ambiguitas gramatikal sintaksis klausa*, makna *paribasan*, *faktor gramatikal klausa* ingkang dipunpethik saking salah satunggal novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

- 1) “Apa kowe arep nunggu tumibane udan ing mangsa ketiga?”
(TKKKIB/kaca.17)

Klausa “kowe arep nunggu tumibane udan ing mangsa ketiga” ingkang tegesipun inggih menika ‘*prekawis ingkang mokal saged awujud*’ saha ‘*tumibanipun jawah ing mangsa katiga*’.

Jinisipun makna inggih menika makna paribasan amargi *klausa* “tumibane udan ing mangsa ketiga” menika wonten *asosiasi* antawisipun makna asli kaliyan maknanipun minangka paribasan.

Faktor ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* inggih menika *Faktor Gramatikal Klausa* amargi *struktur*-ipun *klausa* ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.

Pethikan ing nginggil ngewrat asiling analisis *ambiguitas gramatikal sintaksis klausa* (AGSK) katingal saking wujud *satuan lingual* basa inggih menika *klausa ambigu*. *Klausa* ingkang dipunpanggihi ngewrat makna *gramatikal* saha paribasan. *Klausa gramatikal* menika saking *kombinasi* tembung ingkang mujudaken makna enggal ananging taksih wonten gayutanipun kaliyan maknanipun tembung asalipun. Wondene makna *paribasan* saha makna *gramatikal* menika ngewrat makna ingkang gayut kaliyan makna *unsur-unsur*-ipun, wondene *paribasan* ngewrat makna ingkang taksih dipunpadosi saking makna *unsur-unsur*ipun amargi wontenipun *asosiasi* antawisipun makna asli kaliyan maknanipun minangka paribasan.

2. *Ambiguitas Leksikal*

Miturut pamanggihipun Lyons (1977: 550) lumantar (Wijana, 2016) bilih *ambiguitas leksikal* kaperang dados kalih jinis inggih menika adhedhasar *polisemi* saha adhedhasar *homonimi*. Tembung *leksikal* menika tansah gayut kaliyan satunggaling tembung ingkang madeg piyambak utawi bebas ingkang saged dipunpriksani ing kamus. *Ambiguitas leksikal* dumados ing satunggal tembung ingkang ngewrat kalih makna. Satunggaling tembung menika saged gadhah makna ingkang beda kaliyan prakawis ing lingkungan pangangge basa, amargi

tembung-tembung ing salebeting basa menika langkung winates menawi dipunbandhingaken kaliyan pamanggih ingkang badhe dipunngendikakaken dening para panuturipun. Andharan menika saged dipundayani wontenipun *faktor figuratif (kiasan)*. *Polisemi* saha *homonimi* minangka ragam basa ing novel. Miturut basa murni, ragam basa ing novel menika kaperang dados ragam *implisit* saha *eksplisit*. *Implisit* inggih menika maknanipun tuturan ingkang sajatosipun (*tersurat*). Makna *eksplisit* inggih menika makna ingkang nedahaken makna ingkang boten sajatosipun (*tersirat*). Ing panaliten menika data *ambiguitas leksikal* ingkang dipunpanggihi arupi *ambiguitas leksikal homonimi*.

a. Ambiguitas Leksikal Homonimi, Makna Leksikal, Faktor Leksikal Tembung

Miturut (Wijana, 2016) *homonimi* inggih menika tembung ingkang sami pangucap saha panyeratipun, ananging beda suraosipun. Pangretosan menika sami kaliyan *polisemi*. Bedanipun makna menika wonten ingkang gayut saha boten gayut. Gegayutan antawisipun makna menika dipunwastani *polisemi* wondene makna ingkang boten sami gegayutan menika *homonimi*. Ing ngandhap badhe kaandharaken *ambiguitas leksikal homonimi*, makna *leksikal*, *faktor leksikal homonimi* ingkang dipunpethik saking salah satunggal novel anggitanipun Tulus Setiyadi.

1) “Sikile jumangkah niat ninggalake papan kuwi”. (TBU/kaca.8)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “papan” inggih menika ‘*panggenan kadosta griya*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*blabag*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinispun makna inggih menika tembung “papan” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “nitik” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

2) “Menawa nitik saka kendharaane mobil mewah...” (TBU/kaca.16)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “nitik” inggih menika ‘*mangertosi tengeranipun*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*nengeri saha nglari utawi nglacak*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinispun makna inggih menika tembung “nitik” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “nitik” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

3) “Kalih kanca.” (TBU/kaca.26)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung menika mujudaken kalih suraos inggih ‘*ukara wilangan 2 (kalih)*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*kaliyan*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “kalih” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “kalih” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

4) ... padha lungguh raket. (TBU/kaca.36)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “raket” menika mujudaken kalih suraos inggih tegesipun ‘*celak sanget*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*tampelan ingkang dipunginakaken main bal tampel*’ Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “raket” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “raket” menika panyeratipun sami ananging ungelipun beda (*homograf*) saha maknaipun mangro utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

5) Hehh.. Sih saka ngendi (TBU/kaca.121)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “saka” tegesipun antawisipun inggih menika ‘*asalipun*’, ‘*tiyang panyangga*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*namanipun tiyang aji saka/taun saka*’.

Jinisipun makna inggih menika tembung “saka” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknanipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung ‘saka’ menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

6) Mung paitan rupa wae kaya bisa gawe pulute katresnan. (ISAObn /kaca.134)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “rupa” menika maknanipun wonten kalih, inggih menika “rupa” ingkang tegesipun ‘*pasuryan*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*warni*’.

Jinisipun makna inggih menika tembung ‘rupa’ menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknanipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “rupa” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

- 7) “Ewa semana arep kandha durung wani wedi menawa pimpinane kuwi duka”
(TKKKIB/kaca.28)

Tembung “duka” menika maknanipun wonten kalih inggih menika “duka” ingkang tegesipun ‘*srengen utawi nesu*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*boten mangertos*’.

Jinisipun makna inggih menika tembung “duka” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (eksplisit) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknanipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “duka” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

- 8) Adin wae sing ana walike geger (TKKKIB/kaca.24)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “geger” menika mujudaken kalih suraos inggih tegesipun ‘*peranganing badan antawisipun jangga kaliyan boyok*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*prekawis ingkang ndayani rame*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “geger” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (eksplisit) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknanipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “geger” menika panyeratipun sami ananging ungelipun beda (*homograf*) saha mangro makna saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

9) “Bapak mawon ingkang kendel” (TKKKIB/kaca.30)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “kendel” menika mujudaken kalih suraos inggih tegesipun ‘*rampung anggenipun tumindak*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*wantun*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “kendel” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “kendel” menika panyeratipun sami ananging ungelipun beda (*homograf*) saha mangro makna saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

10) Data: Menawa kowe ngenglung bisa dadi gendheng. (KU/kaca.67)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “gendheng” menika mujudaken kalih suraos inggih tegesipun ‘*edan/ewah*’ saha saged dipunmaknai ugi ‘*panutup griya bahanipun saking lempung*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “gendheng” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “gendheng” menika panyeratipun sami ananging ungelipun beda (*homograf*) saha mangro makna saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

11) Data: Saben malem minggu, ora lali apel. (KU/kaca.149)

Adhedhasar Bausastra v1.1 tembung “apel” menika mujudaken kalih suraos inggih tegesipun ‘*satunggaling jinising woh-wohan*’ saha ‘*dolan ing griyanipun pacang*’. Tembung menika minangka tembung lingga *ambigu*.

Jinisipun makna inggih menika tembung “apel” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal Homonimi* amargi tembung “apel” menika panyeratipun sami ananging ungelipun beda (*homograf*) saha mangro makna saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

12) “...waras tenan satemene ya kepengin.” (ISAONB/kaca.18)

Tembung “waras” menika maknaipun wonten kalih inggih menika “waras” ingkang tegesipun ‘*boten sesakiten*’ saha ‘*palemahan ingkang boten dipuntanemi*’.

Jinisipun makna inggih menika tembung “waras” menika ngewrat makna *leksikal* amargi minangka tembung ingkang madeg piyambak saha taksih bebas, saged dipunsebut ugi makna ingkang sajatosipun (*eksplisit*) utawi menapa wontenipun, amargi makna *leksikal* menika satunggaling tembung ingkang maknaipun saged dipunpriksani ing bausastra utawi ing kamus.

Faktor-ipun inggih menika *Faktor Leksikal* Tembung amargi tembung “waras” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging beda suraosipun saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

Saking andharan menika *ambiguitas leksikal* ingkang dipunpanggihi ing panaliten menika arupi *ambiguitas leksikal homonimi*. Wondene *ambiguitas leksikal homonimi* dipunbedakaken dados kalih inggih menika *homofon* saha *homograf*. Tembung *ambigu homofon* menika langkung cethanipun dipunbahas ing *ambiguitas fonologis*. Menawi bedanipun *homograf* menika kedah mbandhingaken kalih tembung ingkang swantenipun mirip ananging seratanipun beda.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Pangripta anggenipun ngronceni tetembungan ing karya sastra arupi novel menika tansah ngginakaken *ambiguitas*. Ancasipun *ambiguitas* ing salebeting basa sinerat menika padatanipun dipunginakaken kagem memayu ayuning sastra supados reroncening ukara ing karya sastra menika endah nalika dipunwaos. Saking asiling panaliten menika dipunmangertosi bilih *ambiguitas* kapilah adhedhasar satuan lingual *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* saha ukara.

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan *ambiguitas* basa jawi ing sekawan novel anggitanipun Tulus Setiyadi cithakan wulan Maret–November 2019 ingkang kaserat wonten ing bab IV, pramila saged kapundhut dudutanipun ingkang badhe kaserat ing ngadhap menika.

1. Jinis *ambiguitas* wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi kapanggihaken wonten pitung jinis *ambiguitas* inggih menika *ambiguitas fonologis fonemis*, *ambiguitas gramatikal* kaperang dados gangsal inggih menika *ambiguitas gramatikal morfologis afiksasi*, *ambiguitas gramatikal morfologis reduplikasi*, *ambiguitas gramatikal morfologis majemuk*, *ambiguitas gramatikal sintaksis frasa*, saha *ambiguitas gramatikal sintaksis klausa*. *Ambiguitas leksikal* kaperang dados satunggal inggih menika *ambiguitas leksikal homonimi*. Jinis *ambiguitas* ingkang paling kathah kapanggihaken ing novel inggih menika *ambiguitas leksikal homonimi*, wondene jinising *ambiguitas* ingkang paling sakedhik inggih menika *ambiguitas gramatikal morfologis frasa*.

2. Makna *ambiguitas* wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi inggih menika kapanggihaken wonten sekawan makna inggih menika makna *leksikal*, makna *gramatikal*, makna *idiom*, saha makna *paribasan*. Makna *ambiguitas* ingkang paling kathah kapanggihaken awujud makna *gramatikal*, wondene makna ingkang paling sakedhik kapanggihaken awujud makna *paribasan*.
3. *Faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi inggih menika *faktor fonologis* tembung, *faktor gramatikal* arupi *faktor gramatikal* tembung, *frasa* saha *klausa*, saha *faktor leksikal* arupi *leksikal* tembung. *Faktor* ingkang mangaribawani *ambiguitas* ingkang paling kathah kapanggihaken inggih menika *faktor gramatikal frasa*, wondene *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* ingkang paling sakedhik inggih menika *faktor leksikal* tembung.

B. Implikasi

1. Panaliten menika ngrembag analisis *ambiguitas* basa jawi wonten ing novel anggitanipun Tulus Setiyadi. Saking panaliten menika saged dipundadosaken minangka waosan kangge para kadang mahasiswa supados saged mbiyantu pasinaon babagan ngelmu *semantik*, mliginipun babagan *ambiguitas* menapa malih *ambiguitas* basa jawi ing salebeting novel.
2. Asiling panaliten sasanipun saged kangge nambah ngelmu babagan *ambiguitas*, ugi saged dipunginakaken minangka *referensi* kangge para kadang mahasiswa, mliginipun mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang badhe milih *ambiguitas* menapa dene *ambiguitas* basa jawi ing salebeting novel minangka obyek kajian ing panalitenipun.

C. *Pamrayogi*

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged caos pamrayogi kados ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika nлити babagan jinis, makna saha *faktor* ingkang mangaribawani panganggening *ambiguitas* basa Jawi ing salebeting novel minangka lelewaning basa.
2. Panaliten babagan *ambiguitas* menika taksih arang ingkang nлити, pramila panaliten menika taksih prelu dipunadani kangge nambah kawruh babagan *ambiguitas* ing masarakat supados mangertosi wontenipun saha ancasipun *ambiguitas* ing salebeting novel.
3. Asil panaliten menika dipunkajengaken saged kangge tetandhingan utawi *referensi* kangge panaliti sanes ingkang sajinis kanthi ngginakaken cara ingkang beda.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. (2008). *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Ariskasari, D. (2010). *Tugas Semantik Bahasa Jawa Ambiguitas dalam Novel Jawa yang Berjudul Nalika Langite Obah Karya Esmiet (Sasmito)*. Universitas Sebelas Maret.
- Chaer, A. (2013). *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Muljana, S. (1964). *Semantik atau Ilmu Bahasa*. Jakarta: Djambatan.
- Nasution. (2003). *Metode Penelitian Naturalistik Kualitatif*. Bandung: Tarsito.
- Parera, J. (2004). *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Pateda, M. (2010). *Semantik Leksikal: Edisi Kedua*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Poerwadarminto, W. d. (n.d.). *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters' Uitgevers Maatschappij n.v Groningen.
- Setiyadi, T. (2019). *Intan Sepurane Aku ora Bisa Nresnani*. Jawa Timur: Pustaka Ilalang Group.
- Setiyadi, T. (2019). *Kamalaulya*. Jawa Timur: Pustaka Ilalang Group.
- Setiyadi, T. (2019). *Tembange Kembang Kang Kumambang Ing Blumbang*. Jawa Timur: Pustaka Ilalang.
- Setiyadi, T. (2019). *Thathit Bebuntut Udan*. Jawa Timur: Pustaka Ilalang Group.
- Soedibyo, B. M. (2001). *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Penerbit Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. (2015). *Metode dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Sanata Darma University Press.
- Sugiyono. (2016). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: PT Alfabet.
- Sugiyono. (2017). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta, CV.
- Sumarsono. (2014). *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suryabrata, S. (2012). *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Suwandi, S. (2001). *Serbalinguistik*. Solo: UNY Press.

- Tim, R. K. (2007). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wijana, I. D. (2016). Tesis. *Ambiguitas dalam Bahasa Inggris (Studi Kasus dalam Novel, Iklan, Humor dalam Bahasa Inggris)*, Universitas Gajah Mada.
- Wijana, I. M. (2008). *Semantik Teori dan Analisis*. Surakarta: Yama Pustaka.

*Analisis Data Jinis, Makna, saha Faktor ingkang Mangaribawani Panganggening Ambiguitas ing 4 Novel Anggitanipun Tulus Setiyadi
Cithakan Wulan Maret-November 2019*

No	Data	Jinis Ambiguitas							Makna Ambiguitas				Faktor ingkang mangaribawani panganggening ambiguitas			Katrangan
		Fonetik	Gramatikal					Leksikal								
		AFF	AGMA	AGMR	AGMM	AGSF	AGSK	ALH	Leksikal	Gramatikal	Idiom	Paribasan	Fonetik	Gramatikal	Leksikal	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
1.	“Sikile jumangkah niyat ninggalake papan kuwi.” (TBU/kaca.8)							√	√					√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa arupi tembung <i>ambigu</i> inggih menika tembung papan. ALH 1 inggih menika ‘<i>panggenan kadosta griya</i>’ saha ALH 2 inggih menika ‘<i>blabag</i>’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung

																papan menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus. <i>Faktoripun inggih menika Faktor Leksikal Homonimi</i> amargi tembung papan menika pangucap saha panyeratipun sami ananging maknanipun mangro utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.
2.	“Menawa nitik saka kendharaane mobil mewah...” (TBU/kaca.16)							√	√						√	Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika tembung <i>ambigu</i>. tembung nitik. ALH 1 inggih menika ‘<i>mangertosi tengeranipun utawi nengeri</i>’ saha ALH 2 inggih menika ‘<i>nglari utawi nglacak</i>’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung “nitik” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus.

																<i>Faktoripun inggih menika Faktor Leksikal Homonimi</i> amargi tembung “nitik” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging maknanipun mangro utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.
3.	“Hahh ngapa <i>dadak</i> melu urusane bocah enom”. (TBU/kaca.17)							√	√						√	Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika tembung <i>ambigu</i>. tembung <i>dadak</i>. ALH 1 inggih menika ‘<i>kedah</i>’ saha ALH 2 inggih menika ‘<i>enggal-enggalan</i> utawi <i>rerikatan</i>’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung “dadak” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus. <i>Faktoripun inggih menika Faktor Leksikal Homonimi</i> amargi tembung “dadak” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging maknanipun mangro

																utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.
4.	“ Kalih kanca.” (TBU/kaca.2 6)							√	√						√	Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa menika arupi tembung <i>ambigu</i> ing salebeting ukara. Tembung menika mujudaken 2 suraos inggih menika ALH 1 ‘<i>ukara wilangan 2 utawi kalih</i>’ saha ALH 2 ‘<i>kaliyan</i>’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung “kalih” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus. <i>Faktor</i>ipun inggih menika <i>Faktor Leksikal Homonimi</i> amargi tembung “kalih” menika ungel saha panyeratipun sami ananging maknanipun mangro utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.

5.	“Aja lali welingku Sih,” (TBU/kaca2 7)		√						√				√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika tembung andhahan <i>ambigu</i>. Tembung “welingku” AGMA 1 ‘weling + -ku’ utawi ‘<i>pituturipun</i>’ saha AGMA 2 ‘weling + -ku’ ‘sawer welangipun bapak’ Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi tembung “welingku” menika minangka <i>fungsi penjelas</i> ing salebeting ukara. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Gramatikal</i> Tembung, amargi “welingku” minangka tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan <i>ambigu</i> satemah mujudaken kalih makna.
6.	Sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi					√			√				√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika <i>klausa ambigu</i>. <i>Klausa Sepedha motor banjur ngeblas lunga kanthi nggawa ati</i>

	nggawa ati kang panas. (TBU/kaca.3 1)														kang panas menika mujudaken 2 suraos AGSK 1 inggih menika ‘<i>tiyang ingkang nitih sepedha motor menika saweg panas manahipun amargi emosi</i>’ saha AGSK 2 ‘<i>tiyang ingkang nitih sepedha motor menika mbekta satunggaling tedhanan arupi manah ingkang taksih panas amargi bibar dipunmasak</i>’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi <i>klausula</i> menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi <i>proses gramatikal komposisi</i>.. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Gramatikal Klausula</i> amargi <i>strukturipun klausula</i> ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.
--	---	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	---

7.	“Haahh.. nyawang we bisa <i>nyenengake</i> ati dhewe”. (TBU/kaca.3 3)		√							√				√	Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika tembung andhahan <i>ambigu</i>. Tembung “ngakoni” AGMA 1 ‘ny- + seneng + -ake’ inggih menika ‘ngremenaken’ saha AGMA 2 ‘ny- + ceneng + -ake’ inggih menika ‘dipuntarik kanthi peksa’. Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi tembung “nyenegake” menika minangka <i>fungsi penjelas</i> ing salebeting ukara. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Gramatikal</i> Tembung, amargi “nyenengake” minangka tembung lingga ingkang dipunrimbag dados tembung andhahan <i>ambigu</i> satemah mujudaken kalih makna
----	--	--	---	--	--	--	--	--	--	---	--	--	--	---	--

8.	“Haahh.. nyawang we bisa nyenengake ati dhewe”. (TBU/kaca.3 3)	√							√			√			Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal menawi dumunung ing basa sinerat saking wujud <i>satuan lingual</i> inggih menika tembung <i>ambigu</i>. Tembung “nyenengake”. AFF 1 inggih menika ‘[nyê nê ŋake] /ê /’ utawi ‘ngremenaken’ saha AFF 2 [nyènèŋake] /è/ utawi ‘dipuntarik kanthi peksa’ Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi tembung “nyenengake” menika minangka fungsi <i>penjelas</i> ing salebeting ukara. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Fonologis Tembung</i> tembung “nyenengake” menika minangka tembung <i>ambigu</i> ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang <i>fonem</i>ipun sami ananging <i>fonetis</i>ipun beda.
9.	“... Pratomo sing bisa					√			√				√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa

	ngrenggani marang atine kang alum.” (TBU/kaca.34)														inggih menika <i>klausa ambigu</i>. <i>Klausa Pratomo sing ngrenggani marang atine kang alum</i>. <i>Klausa menika mujudaken 2 suraos AGSK 1 ‘manah ingkang nandang cidra’ saha AGSK 2 ‘manahipun gerah ngantos dumugi alum’.</i> Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi <i>klausa menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi proses gramatikal komposisi.</i> <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Gramatikal Klausa</i> amargi <i>strukturipun klausa</i> ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.
10.	...padha lungguh raket . (TBU/kaca.36)	√								√			√		<i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa menika arupi tembung <i>ambigu</i> ing salebeting ukara. Tembung raket menika mujudaken 2 suraos

															inggihi menika ALH 1 ‘<i>celak sanget</i>’ saha ALH 2 ‘<i>tampelan ingkang dipunginakaken kangge main bal tampel</i>’. Jinisipun makna inggihi menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung “raket” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus. <i>Faktoripun inggihi menika Faktor Leksikal Homonimi</i> amargi tembung “raket” menika pangucap saha panyeratipun sami ananging maknanipun mangro utawi beda saha antawisipun makna menika boten wonten gayutipun.
11.	...padha lungguh raket . (TBU/kaca.3 6)	√								√			√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggihi menika tembung <i>ambigu</i>. Tembung “raket”. AFF 1 inggihi menika ‘[raket] /ê /’ utawi ‘lenggahipun celak sanget’ saha AFF 2 ‘[raket] /è/. ‘raket ingkang dipunangge badminton’.

																Jinisipun makna inggih menika makna <i>leksikal</i> amargi tembung “raket” menika madeg piyambak utawi bebas saha tembungipun saged dipunpadosi ing bausastra utawi kamus. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Fonologis</i> Tembung tembung “raket” menika minangka tembung <i>ambigu</i> ingkang dipundayani ungeling swantenipun basa ingkang <i>fonemipun</i> sami ananging <i>fonetisipun</i> beda
12.	Priya kuwi ora duwe usus kang dawa. (TBU/kaca.4 3)						√			√				√		Jinis <i>ambiguitasipun</i> katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika <i>klausa ambigu</i>. Klausa priya kuwi ora duwe usus kang dawa. Klausa menika mujudaken 2 suraos AGSK 1 inggih menika ‘<i>priya menika tiyang ingkang boten sarehan manah</i>’ saha AGSK 2 ‘<i>priya menika tiyang menika boten gadhah usus ingkang panjang</i>’.

																Jinisipun makna inggih menika makna <i>gramatikal</i> amargi <i>klausa</i> menika mujudaken makna dipundayani gabunganipun tembung-tembung ing salebeting ukara inggih menika mawi <i>proses gramatikal komposisi</i>. <i>Faktor</i> ingkang mangaribawani panganggening <i>ambiguitas</i> inggih menika <i>Faktor Gramatikal Klausa</i> amargi <i>strukturipun klausa</i> ndayani mangronipun makna ing salebeting ukara.
13.	“Hahh... aku mung elik-elik wae lho.”(TBU/ka.49)			√						√				√		Jinis <i>ambiguitas</i>ipun katingal saking wujud <i>satuan lingual</i> basa inggih menika tembung rangkep <i>ambigu</i> ing salebeting ukara menika. tembung elik-elik AGMR 1 [elik- elik] ‘<i>menging utawi ngandhani tiyang supados boten nglampahi satunggaling prekawis</i>’ saha AGMR 2 [èlik-èlik] inggih menika ‘<i>pasuryanipun awon sanget</i>’. Jinisipun makna inggih menika

